SADKAR

# TANDA-TANDA AHIR ZAMAN

Maluruh
Kasumpingan Isa Almasih & Imam Mahdi
Nu Dijangjikeun sarta Tanda-tanda
Kasumpinganana.

Neratja Press

**SADKAR**

# TANDA-TANDA AHIR ZAMAN

**Maluruh**
**Kasumpingan Isa Almasih & Imam Mahdi**
**Nu Dijangjikeun sarta Tanda-tanda**
**Kasumpinganana.**

Neratja Press

'TANDA-TANDA AHIR ZAMAN'
Sadi'an Kartawijaya (SADKAR)
xii + 104 halaman, ukuran 14.8 X 21 Cm

Citakan kahiji : 1941 dikaluarkeun ku Jemaat Ahmadiyah Sukapura
Citakan kadua : 1970 dikaluarkeun ku Jemaat Ahmadiyah Garut
Citakan katilu : 1979 dikaluarkeun ku Jemaat Ahmadiyah Garut
Citakan kaopat : April 2015

Penyunting Basa : Bubun Basyariat Sadkar
Layout & Design Cover : D. Sumarta, S.Pd.I

**Penerbit:** Neratja Press
e-Mail: neratja@gmail.com

ISBN: 978-602-70788-8-8

**SURAT KETERANGAN**
Nomor:05/DN-JAI/BK/IV/2015

Isi buku : TANDA-TANDA AHIR ZAMAN
Karya : Sadi'an Kartawijaya (SADKAR)
telah melalui pemeriksaan dan koreksi Dewan Naskah Jemaat Ahmadiyah Indonesia (DN-JAI) dan dinyatakan layak untuk dicetak dan diterbitkan ulang.




Bogor, 16 April 2015
ttd.

**H.Munirul Islam Yusuf, Sy**
Ketua Dewan Naskah

# Pangjajap

Sagala puji urang haturkeun ka Allah[S.w.t.], anu kalawan kurnia-Na citakan kaopat buku *'Tanda-tanda Ahir Zaman'* salasahiji karya tina karya-karya bapa SADKAR tiasa medal.

Buku ieu, maparin pangaweruh nu mukakeun pikiran urang kana perkara ahir zaman anu samemehna teu acan kaimeutan, atawa urang sering kaliru dina neuleumanana.

Perkara ahir zaman, Nabi urang Muhammad[S.a.w.] seueur ngadawuhkeun dina sababaraha riwayat yen di hiji sisi, ahir zaman mangrupa mangsa dimana Islam baris ngalaman kamunduran, di sisi lianna Nabi Muhammad[S.a.w.] maparin kabar suka pikeun umat Islam, yen dina mangsa ahir zaman eta Nabi Isa[a.s.] sarta Imam Mahdi baris sumping pikeun ngahirupkeun deui agama Islam sarta nanjeurkeun syare'at Al-Qur'an. Namung, iraha ahir zaman nu dimaksud tadi lumangsung, sarta saha Imam Mahdi nu dijangjikeun nu baris datang teh, seueur di antara urang anu teu acan mibanda pangaweruh kana perkara eta. Buku Tanda-tanda Ahir Zaman ieu tiasa jadi sarana pikeun ngabantu urang kana pangaweruh perkara iraha sarta naon bae tanda-tanda ahir zaman eta, sarta saha atuh Isa jeung Mahdi nu dijangjikeun ku Rasulullah[S.a.w.] nu baris sumping di ahir zaman ieu. Alatan kitu, buku ieu kawilang penting pikeun diaos sarta dilenyepan nu antukna sanes sakadar pangaweruh urang kana perkara ahir zaman ieu jadi ngaronjat, tapi oge urang baris mikawanoh Imam Zaman anu dijangjikeun ku Nabi urang Muhammad[S.a.w.].

Kacida payusna urang oge ngadugikeun *jazakumullah* ka bapa Mahmud Mubarik, Sekertaris Isyaat Pengurus Besar

Jemaat Ahmadiyah Indonesia sarta oge Dewan Naskah nu parantos medalkeun deui buku ieu.

Kitu deui tangtosna, urang sadaya ngadugikeun *jazakumullah* ka kulawarga almarhum bapa SADKAR anu parantos maparinkeun naskah buku ieu anu sakaligus oge maparinan ijin pikeun diterbitkeun deui. Mugia buku ieu jadi amal jariyah, sarta pahalana teras ngamalir pikeun almarhum bapa SADKAR anu nyerat buku ieu, oge pikeun kulawarga sarta paraputra-putuna.

Hatur nuhun oge didugikeun ka R.H. Munir Islam Yusuf Sy, Abdul Wahab Mbsy. oge ka sakumna anggota tim Dewan Naskah anu parantos kalawan taliti mariksa eusi naskah buku ieu, teu hilap oge ka sagala pihak anu parantos ngabantu dina garapan ieu, mugia Allah[S.w.t.] maparin ganjaran ka urang sadaya sarta kulawarga kana pangorbananana ieu, oge Anjeunna[S.w.t.] maparin berkah pikeun aranjeunna di dunya sarta di alam barzah jaga.

Pamungkas, mugia buku ieu tiasa nambahan elmu pangaweruh sarta tiasa ngaronjatkeun karohanian sareng kaimanan ka Allah[S.w.t.], oge mugia Allah[S.w.t.] maparin topek sareng hidayah-Na ka urang sadaya, aamiin!.

Jakarta, April 2015

**Achmad Supardi**

Sekertaris Tabligh
Jemaat Ahmadiyah Indonesia

# Daptar Eusi

## CATETAN PENERBIT

Pikeun dicatet, yen sempalan (kutipan) sarta sistim nganomeran ayat Al-Qur’an dina buku ieu ngagunakeun sistim numutkeun versi Jemaat Ahmadiyah, nya eta ayat *bismillaahirrohmaanirrohiim* diitung salaku ayat munggaran dina saban Surah kajaba Surah *At-Taubah*.

Saterusna, dina buku ieu digunakeun sababaraha singgetan-singgetan anu sawadina dibaca kalawan sampurna, saperti di handap ieu:

S.w.t. Mangrupa singgetan tina *Subhaana Wa Ta’aala*, nu ngadung harti “Nu Maha Suci sarta Maha Luhur” sarta salawasna ditulis di pengkereun jenengan Dzat Allah[S.w.t.]

S.a.w. Mangrupa singgetan tina “*sallalaahu ‘alaihi wa sallam*," nu ngandung harti “Mugia salam sareng berkah Allah nyarengan anjeunna” sarta salawasna ditulis pengkereun jenengan nu Mulya Nabi Muhammad[S.a.w.] atawa Rasulullah[S.a.w.].

a.s. Mangrupa singgetan tina “*alaihis salaam*” nu ngandung harti “Mugia salam dilimpahkeun ka anjeunna” nu ditulis pengkereun jenengan-jenengan paranabi salian ti nu Mulya Rasulullah[S.a.w.]

r.a. Mangrupa singgetan tina “*radhia-Allaahu anhu/ anha/anhum*" nu ngandung harti “Mugia Allah rido ka anjeunna/aranjeunna sarta ditulis pengkereun jenengan-jenengan parasahabat nu Mulya Rasulullah[S.a.w.] sarta Hadhrat Masih Mau'ud[a.s.]

# Transliterasi

Sakedik panganteur ngeunaan transliterasi perlu disisipkeun sakadar pikeun ngajelaskeun alih kecap sarta istilah kana transliterasi nu umumna lumaku di Indonesia saperti di handap ieu:

1. Kecap panganteur 'Al' ( ال ) nu tepung jeung hurup-hurup *As-Syamsiyah* nya eta : *ta, tha, dhal, ra, za, sin, syin, shad, dhad, lam* jeung *nun* nu kalawan otomatis sora '*al*' tadi robah jadi sora hurup *As-Syamsiyah* contona: *Al-Nur* jadi *An-Nur*; *Al-Nabiyyīn* robah jadi *An-Nabiyyīn*, jeung saterusna.
2. Hurup ta buleud atawa *Ta Marbuthah* ( ة ـة ) nya eta hurup nomer 14 di handap, robah sora jadi sora hurup 'H' dina posisi aya dina ahir kecap saperti *Surat* jadi *Surah*, *Jamaat* jadi *Jamaah* jeung saterusna. Tapi tetap mibanda sora hurup 'T' dina posisi ahir kecap anu sorana panjang saperti *Shalaat*, *Shalawaat, Tahiyaat* jeung saterusna.

3. 3. Transliterasi leuwih husus digunakeun dina buku ieu pikeun sora hurup-hurup saperti di handap:

## Konsonan

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| dh | = | ض | .8 | | a | = | ا ء | .1 |
| th | = | ط | .9 | | ts | = | ث | .2 |
| dz | = | ظ | .10 | | h | = | ح | .3 |
| ʻ | = | ع | .11 | | kh | = | خ | .4 |
| gh | = | غ | .12 | | dz | = | ذ | .5 |
| i / y | = | ى | .13 | | sy | = | ش | .6 |
| t / h | = | ة | .14 | | sh | = | ص | .7 |

## Pangjajap Nu Nulis

Alhamdulillah, puji sinareng syukur disanggakeun ka Allah[S.w.t.] anu parantos maparin topek sareng kurnia-Na ka simkuring pikeun nyusun buku ieu. Shalawat sareng salam mugia dikocorkeun ka Jungjunan alam, Nabi urang Muhammad Mustofa[S.a.w.] .

Seueur pisan perkara anu dina riwayat disabit-sabit ku Rasulullah[S.a.w.] nu baris lumangsung ka umat Islam di ahir zaman. Di antawisna nu *kahiji*, umat Islam baris aya dina kamunduran, sarta nu *kadua* yen Nabi Isa sarta Imam Mahdi baris sumping di ahir zaman.

Urang sering ngabandungan atanapi ngaos pedaran-pedaran perkara ahir zaman. Namung, ahir zaman anu dipimaksad ku Rasulullah[S.a.w.] sering ditafsirkeun ku ancurna dunya sarta pungkasna sagala kahirupan di dunya ieu; alam dunya ruksak binasa sarta umat manusa jeung sakumna mahluk hirup ilang musnah tanpa sesa. Padahal, upama ditafsirkeun sarupa kitu, naon hartina Nabi Isa jeung Imam Mahdi diturunkeun ka dunya? Sedengkeun tugas utusan Allah atawa Imam Mahdi tangtuna pikeun ngagero umat manusa sarta mere pangwawadi ka maranehna sangkan ngajauhan dosa sarta ngatik ngadidik maranehna pikeun ibadah ka Allah[S.w.t.] kalawan sabener-benerna. Upami kahirupan dunya geus ancur, jeung umat manusa geus ilang musna tina kahirupan dunya, ka saha Nabi Isa sarta Imam Mahdi baris ngagero sarta ngatik ngadidik?

Perkara lianna anu masih teu acan meunang jawaban pakait jeung ahir zaman, nya eta ngeunaan wujud Nabi Isa sareng Imam Mahdi nu dijangjikeun nu baris datang di ahir zaman. Isa nu mana nu baris datang ka dunya teh? Naha Isa nu baheula nu pernah diutus pikeun kaom Bani Israil atawa

Isa nu sejen? Upama Isa baheula nu baris datang, naha anjeunna bakal ngajarkeun Al-Qur'an ka umat Islam padahal anjeunna teu paham kana basa Arab? Atawa Al-Qur'an baris diwahyukeun deui ka Nabi Isa di ahir zaman? Saterusna, kumaha sareng wujud Imam Mahdi, naha wujud anjeunna wujud nu beda sareng Nabi Isa?

Buku ipis nu ditulis ku simkuring ieu dipiharep tiasa maparin jawaban sabudeureun patarosan-patarosan tadi, hususna patarosan perkara ahir zamanna sorangan, iraha ahir zaman teh baris lumangsung, sarta naon bae tanda-tanda numutkeun Al-Qur'an sarta Hadits Rasulullah[S.a.w.] ?

Mugia Allah[S.w.t.] salawasna ngaping urang sadaya kana hidayah-Na. *Aamiin Allahumma Aamiin.*

Wasalam

Sukapura, 1941

**SADKAR**



## Tanda-Tanda Ahir Zaman

Sadaya ummat Islam umumna sapamadegan pada kagungan anggapan, bakal sumping Imam Mahdi sareng Nabi Isa di ahir zaman. Nanging ngeunaan iraha-irahana nu disebat ahir zaman, umumna can aruninga. Ku kituna, teu aya lepatna upami urang ngorehan sakirang-kirangna tanda-tandana. Boh tina Quran, boh tina Hadits. Atanapi tina kitab-kitab sanesna, nu tiasa dipercanten.

Dina *Misykat* kaca 471 aya kasauran Rasulullah[S.a.w.], nu dicarioskeun ku *Ibnu Majah*, nu unggelna kieu:

اَلْاٰيَاتُ بَعْدَ الْمِأَتَيْنِ

***Al-āyatu ba'dal-miataeni.*** *(Misykat kaca 471)*

*Tanda-tanda (bakal timbul) saenggeus taun dua ratus.*

Hadits ieu ditetelakeun ku *Murqot* (*syarah Misykat*) kieu:

اَلَّامُ فِى الْمِأَتَيْنِ لِلْعَهْدِ اَيْ بَعْدَ الْاَلْفِ وَهُوَ وَقْتُ ظُهُوْرِ الْمَهْدِيّ
وَخُرُوْجِ الدَّجَّالِ وَنُزُوْلِ عِيْسٰى

***Al-lãmu fil-miataeni lil-ahdi, ae ba'dal-alfi, wahuwa waqtu zhuhũril-Mahdiyyi, wa khurũjid-Dajjãli, wa nuzuli 'Isa.***
(***Murqot/syarah Misykat***)

> *"Al" ( اَلْ) dina "al-miataeni" ( اَلْمِأَتَيْنِ) (ceuk nahwuna) pikeun "ahdi", maksudna "saenggeus sarebu", nya eta waktu gelar Imam Mahdi, jeung waktu kaluar Dajjal, jeung waktu turun Nabi Isa. Tegesna: bakal timbul tanda-tanda saparantos liwat taun 1200 Hijriyah, ciri mangsa gelarna Imam Mahdi, kaluarna Dajjal, sareng lungsurna Nabi Isa.*

Ku pertulungan Hadits ieu, urang terang, nu disebat ahir zaman teh nya eta saparantos taun 1200 Hijriyah.

Boh Imam Mahdi, boh Dajjal, kitu deui Nabi Isa, sayaktosna eta oge parantos jadi tanda-tanda Allah.

Nanging upami kecap الْاٰيَاتُ "*al-ayatu*" bade dihartoskeun ciciren kana mangsa gelarna Imam Mahdi, kaluarna Dajjal sareng lungsurna Nabi Isa, kitu ge tiasa bae. Anu eta ciciren atanapi tanda tanda teh timbulna saparantos taun 1200 H.

Sumangga urang paluruh.

# Tanda-Tanda Ahir Zaman Numutkeun Al-Quran

1. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

إِذَا زُلْزِلَتِ الْأَرْضُ زِلْزَالَهَا

***Idza zulzilatil-ardhu zilzalaha* (Al-Zalzalah: 2).**

*"Dimana bumi geus goncang digunjang-ganjing ku lini."*

Ieu ayat maparin terang ka urang, yen di ahir zaman bakal seueur lini, anu bakal ngalantarankeun karugian nu sanes lumayan ka manusa. Malah ngalantarankeun binasana pirang-pirang jiwa manusa.

Ku emutan, ieu nubuatan parantos sampurna.

2. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَأَخْرَجَتِ الْأَرْضُ أَثْقَالَهَا

***wa akhrojatil-ardhu atsqolaha* (Al-Zalzalah: 3).**

*"Jeung dimana bumi geus ngaluarkeun eusi pependemanana."*

Maksadna, netelakeun ka urang, yen di ahir zaman sagala kabeungharan bumi nu mangrupi pependeman bakal kabuka dikaluarkeun. Boh emas, perak, minyak-bumi, areng-batu, tambaga sareng sajabi ti eta, bakal dikali ku manusa.

Tanda ieu parantos bukti.

Kitu deui rasiah-rasiah nu aya kaitanana sareng ilmiah, sapertos mayit (mumi) Firaon Mesir, naskah-naskah ngeunaan Nabi Isa di lembah Qumran caket Laut Mati, kaen kafan Nabi Isa, tangkorak manusa purba nu parantos ngabatu (fosiel-fosiel), barang-barang kuno titinggal manusa alam baheula, sareng salian ti eta, kapendak ku paraahli purbakala.

3. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

يَوْمَئِذٍ تُحَدِّثُ أَخْبَارَهَا

***Yaomaidzin tuhadditsu akhbãroha.*** (***Al-Zalzalah***: 5).

*"Dimana bumi nyebarkeun beja-bejana."*

Ieu ayat netelakeun ka urang, yen di ahir zaman bumi bakal ngabeja-bejakeun sagala perkara kajadian.

Unggal waktos, siang-wengi, taya towongna nyebar beja nu nyarioskeun sagala rupi kajadian di bumi, ku radio, ku televisi, ku suratkabar-suratkabar.

Nubuatan ieu oge parantos bukti jadi kanyataan.

4. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

يَوْمَئِذٍ يَصْدُرُ النَّاسُ أَشْتَاتًا لِّيُرَوْا أَعْمَالَهُمْ

***Yaomaidzin yashdurun nãsu asytãtan liyurao a'mãla-hum.*** (***Al- Zalzalah:*** 7).

*"Dimana manusa geus mangrupa barisan-barisan, narembongkeun amal-amalna."*

Maksadna, manusa di ahir zaman baris ngawangun barisan-barisan (golongan-golongan, partai-partai, organisasi-organisasi, sakur nu sapaham, sapamadegan, sacita-cita), anu ku ngagabungna dina golongan-golongan, atanapi beungkeutan-beungkeutan tea, sasat nembongkeun maneh amal maranehanana, atanapi cita-cita maranehanana, atanapi kayakinan maranehanana.

5. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَإِذَا الْعِشَارُ عُطِّلَتْ

**Wa idzal-'isyãru 'uththilat. (At-Takwir : 5).**

*"Dimana onta-onta geus teu dipalire."*

Maksad parantos teu dipalire di dieu, nya eta onta-onta parantos teu dianggap penting sapertos zaman harita. Zaman baheula mah, hususna di tanah Arab, onta-onta teh teu kinten pentingna. Boh kanggo tungganganeun, boh kanggo angkutan barang. Ti kota ka kota sejen.

Kiwari digentos ku alat-alat moderen: mobil, kapal, karetaapi, sareng sapapadana.

Alhasil ayat ieu teh mangrupi nubuatan, isarah kana bakal datangna jenis tutumpakan moderen.

6. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَإِذَا الْوُحُوشُ حُشِرَتْ

**Wa idzal-wuhũsyu husyirot. (At-Takwir: 6).**

*"Jeung di mana sasatoan nu lalinghas dikumpulkeun."*

Asa moal lepat, upami dilarapkeun kanggo bukti kanyataanana ku ayana "Kebun Binatang". Anu di Kebun Binatang eta dikempelkeun rupi-rupi sasatoan linghas.

7. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَإِذَا الْمَوْءُۥدَةُ سُئِلَتْ

**Wa idzal-mao-ũdatu suilat (At-Takwir: 9).**

*"Dimana orok nu dikubur dipariksa."*

Di ahir zaman, orok nu diruang kerepes, atanapi nu dipalidkeun di walungan, atanapi di susukan; kitu deui nu dipiceun di jarian, dipiceun ka balong, ka pamiceunan, bakal dipariksa ku ahlina, kanggo nganyahokeun saha nu gaduh dosana.

Ku emutan hal ieu oge parantos bukti kajadian.

8. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَإِذَا الْقُبُورُ بُعْثِرَتْ

**Wa idzal-qubũru bu'tsirot. (Al-Infithar: 5).**

*"Dimana kuburan dibongkar."*

Maksad dibongkar teh dibuka deui, jenazahna dipariksa. Kanggo kaperluan visum.

Nubuatan ieu oge parantos kabuktian.

9. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَإِذَا الصُّحُفُ نُشِرَتْ

**Wa idzash-shuhũfu nusyirat (At-Takwir : 11).**

*"Dimana naskah-naskah disebar-sebarkeun."*

*Shuhuf* dina ieu ayat, tiasa mangrupi buku-buku, suratkabar-suratkabar, majalah-majalah, selebaran-selebaran.

Hal ieu parantos bukti kajadian.

Ayat ieu ngandung nubuatan oge kana bakal ayana alat-alat moderen, anu ngagampilkeun urusan serat-sinerat, mesin tik, stensil, percetakan, photo copy, printer.

10. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَإِذَا الْبِحَارُ فُجِّرَتْ

**Wa idzal-bihãru fujjirot. (Al-Infithar : 4).**

*"Dimana lautan dikocorkeun."*

Maksadna, lautan dikocorkeun ka lautan deui.

Tegesna: dua lautan ditepangkeun ku kokocoran buatan manusa.

Ayat ieu mangrupi nubuatan kana baris ayana kanal Suez, anu nepungkeun Laut Tengah sareng Laut Merah, sareng kana baris ayana kanal Panama, anu nepungkeun Lautan Atlantik sareng Lautan Teduh.

Terang, nubuatan ieu parantos bukti kajadian.

11. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

إِذَا السَّمَآءُ انْشَقَّتْ

***Idzas-sama-un syaqqot. (Al-Insiqoq: 2).***

*"Dimana langit geus dibuka."*

Maksadna, dimana rasiah-rasiah langit parantos kabuka. Parantos dikanyahokeun ku manusa.

Ieu oge parantos bukti.

12. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

اِقْتَرَبَتِ السَّاعَةُ وَانْشَقَّ الْقَمَرُ

***Iqtarobatis-sa'atu wansyaqqol-qomaru. (Al-Qomar: 2).***

*"Geus deukeut mangsa (ahir zaman) dimana bulan geus ka buka."*

Maksadna, dimana rasiah bulan parantos kabuka ku manusa. Hal ieu parantos bukti kajadian.

Malah manusa parantos tiasa ngadongkapan bulan. Kanyahoan, horeng bulan teh batu cadas teuas sareng sabangsa lebu.

Teu aya cai. Teu aya tutuwuhan. Teu aya mahluk nyawaan.

13. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

يَسْئَلُ أَيَّانَ يَوْمُ الْقِيٰمَةِ فَإِذَا بَرِقَ الْبَصَرُ وَخَسَفَ الْقَمَرُ
وَجُمِعَ الشَّمْسُ وَالْقَمَرُ

***Yas-alu-ayyãna yaomul-qiyãmati. Fa idzã bariqol-bashoru. Wa khosafal-qomaru. Wa jumi'asy-syamsu wal-qomaru. (Al-Qiyamah: 7-10).***

*"Manusa bakal nanyakeun: iraha ngadeg kiamah? Dimana kahalangan panenjo panon. Jeung dimana samagaha bulan. Jeung dimana dikumpulkeun panonpoe jeung bulan."*

Dimana kahalangan panenjo panon, maksadna dimana samagaha panonpoe.

Dikumpulkeun panonpoe sareng bulan, maksadna dimana di kumpulkeun samagaha panonpoe sareng samagaha bulan dina hiji bulan.

Katerangan hal ieu langkung tetela ku bantuan Hadits, anu bakal dipedar salajengna. (Tingali ciri-ciri ahir zaman numut keun Hadits, nomer 20).

14. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

يٰٓأَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا لِمَ تَقُوْلُوْنَ مَا لَا تَفْعَلُوْنَ

***Yã ayyuhalladzĩna ãmanũ, lima taqũlũna mã lã taf'alũn. (As- Shof:3).***

*"He jalma-jalma nu ariman, naha maraneh ngan ukur bisa nyaritakeun wungkul, padahal nu ku maraneh dicaritakeun teh ku maraneh teu dipigawe?"*

Ayat ieu mangrupa nubuatan, maparin gambaran, yen bakal dongkap mangsana umat Islam (nu parantos ariman) mung ukur tiasa ngoceh nyarios, bari teu migawe naon-naon anu ku maranehanana dicarioskeun.

Sanggem basa populerna mah mung ukur tiasa ngecap.

Upamina, ari dina da'wah ngajak-ngajak kedah bageur, kedah takwa, kedah bener, kedah balap dina kasaean, sareng rupi-rupi lian ti eta.

Anjuranana kitu teh bari dikiatan ku dalil-dalil Quran sareng Hadits.

Nanging maranehanana pribadi malah tukang bohong, tukang mitnah, curang, licik, hawek, korupsi, merkosa anak-didik, malsu ijazah, nipu duit calon jama'ah haji, ngiring kana rupi-rupi aben-abenan, sareng sapapadana.

Malah ngicuk-ngicuk ngahianat pamarentahan.

15. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَقَالَ الرَّسُوْلُ يٰرَبِّ اِنَّ قَوْمِى اتَّخَذُوْا هٰذَا الْقُرْاٰنَ مَهْجُوْرًا

***Wa qõlar-Rosũlu, yã Robbi inna qaomit-takhodzũ hãdzal-Qurãna mahjũro. (Al-Furqon: 31).***

*"Rasul nyarios: Nun Gusti, sayaktosna umat abdi parantos teu malire Alquran."*

Ayat ieu oge nubuatan. Anu baris kajadian di ahir zaman. Margi umat Islam zaman Rasulullah[S.a.w.] mah sadayana oge teu kinten mupustina kana Quran, dina hartos tumut kana ajaranana. Ucaplakuna cocog sareng ajaran Quran, tegesna Alquran teh didamel padoman hirupna.

Nanging numutkeun nubuatan ayat ieu bakal kajadian umat Islam di ahir zaman ucap-lakuna sanes-sanesna deui sareng ajaran Alquran.

Nya picung nya hulu maung.

Henteu identik (henteu sapagodos) antawis ajaran Quran sareng umat Islam.

Conto leuleutikanana anu nembrak, naon-naon anu dilarang ku Quran, ku umat Islam diparigawe, upamina bohong, zinah, ngadu, ngaleueut inuman keras, nuang daging babi, ngarentenkeun, fitnah, maling, maehan, sareng salian ti eta.

# Tanda-Tanda Ahir Zaman Numutkeun Hadits

1. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

تَقُوْمُ السَّاعَةُ وَالرُّوْمُ اَكْثَرُ النَّاسِ

***Taqũmus-sã'atu war-Rũmu aktsarunnãsi.* (*Muslim* juz 2 bab Kitabulfitan).**

*"Baris ngadeg kiamah dimana urang Rum geus jadi pangeusi dunya panglobana."*

Kecap urang Rum dina hadits ieu, numutkeun pamendak ahli Islam, maksadna umat Nasrani.

Dina Kitab *Hujajul-Karomah* kaca 335 aya katerangan: Ieu tanda enggeus bukti, karana kaom Nasrani geus nyebar sarta kumawasa di sabagian gede nagara-nagara dunya.

2. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

بَدَأَ الْاِسْلَامُ غَرِيْبًا وَسَيَعُوْدُ غَرِيْبًا

***Bada-al-Islãmu ghorĩban wa saya'ũdu ghorĩban.* (*Ibnu Majah*).**

*"Mimitina Islam teh saperti anu ngumbara, engkena baris cara nu ngumbara deui."*

Cara nu ngumbara di dieu, maksadna taya nu malire, taya nu ngabela.

Baheula, alam munggaran kitu; di ahir zaman oge bakal kitu. Naon margina?

Lantaran manusa di ahir zaman teu pati mentingkeun urusan agama. Nu dipentingkeun sareng nu jadi tujuan hirupna teh mung urusan kadunyaan malulu. Kabeungharan, kahormatan sareng kalungguhan kadunyaan.

3. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

وَيَكْثُرُ وَلَدُ الزِّنَا

***Wa yaktsuru waldu-z-zinã.* (Hujajul-Karomah, ti Abu Huraerah).**

*"Bakal loba anak ladang zinah."*

Hadits ieu maparin gambaran ka urang, yen di ahir zaman bakal seueur perzinahan, bakal seueur palacuran.

Ngandung hartos oge bakal seueur wanita-wanita tuna susila (WTS).

4. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

وَيَكْثُرُ شُرْبُ الْخَمْرِ

***Wa yaktsuru syurbul-homri.***

*"Bakal loba nu nginum inuman keras."*

Ku emutan ieu ge ayeuna parantos nyata

5. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

وَيَكْثُرُ الْمَيْسِرُ

***Wa yaktsurul-maesiru.***

*"Bakal loba aben-abenan."*

Ngadu atawa sagala rupa adu-aduan, taruhan jeung judi, ceuk emutan mah paling nembrak, kasaksi ku sadayana.

Ti kota-kota parat ka desa-desa. Tembus ka lembur-lembur nu singkur.

6. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

وَتَكْثُرُ الْفَحْشَاءُ

***Wa taktsurul-fahsyã-u.* (Hujajul-Karomah, dicarioskeun ku Ibnu Abi Saibah).**

*"Bakal loba kajahatan."*

Nubuatan ieu oge kiwari parantos bukti. Ti kajahatan nu pangentengna dugi ka nu pangabotna. Nyopet, ngajambret, todongan, maling, ngagarong, ngarampog, maehan, korupsi, ngabajag (di daratan, di lautan, di awang-awang), peperangan, silihbegalan pati parebutan kakawasaan. Sareng pirang-pirang nu sanesna.
Dimana-mana; di unggal nagara.
Di sagala bangsa.
Ti nu pangbodona dugi ka nu pangpinterna.
Ti golongan rendah dugi ka golongan luhurna.
Tug dugi ka kaom agamawan, anu pipanteseunana mah tukang mapatahan kana kahadean.
Tug dugi ka parapanegak hukum, anu pimeujeuheun kudu jadi panyalindungan balarea.
Unggal dinten suratkabar-suratkabar ngamuat rupi-rupi kajadian nu jadi bukti.

7. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

***"Bakal bebas pergaulan lalaki jeung awewe."***

Sadidinten nembongkeun bukti ka urang, kanyataan nubuatan ieu.

8. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

مَا اَجْلَدَهُ وَمَا اَظْرَفَهُ وَمَا اَعْقَلَهُ وَمَا فِي قَلْبِهِ مِثْقَالُ حَبَّةٍ مِنْ خَرْدَلٍ مِنَ الْاِيْمَانِ

***Mã ajladuhu, wa mã adhrofuhu, wa mã a'qoluhu, wa mã fĩ qolbihĩ mitsqõlu habbatin min khordalin minal ĩmãn.* (*Tirmidzi,* dicarioskeun ku Huzaifah ibnul-Yaman).**

*"Ki Anu dipuji leber wawanen, dipuji manis budi parangina, dipuji kapinteranana, padahal teu boga iman saeutik-eutik acan."*

Mung ukur sae luarna.
Nanging nya nu kitu nu dipuji ku manusa ahir zaman. Nya nu kitu nu disanjung diangkat jadi pamingpin.
Ana ninggang ka nu leres-leres teu ngagaduhan iman, temahna nya ngarugelkeun. Gawena teu leres, ngareksakna pohara.

9. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

***Di ahir zaman nu barodo bakal nangtung di hareup, dina hal da'wah agama.***

Bodo numutkeun ajen ukuran kadunyaan.

10. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

***Jalma-jalma anu iman (mu'minin) baris dihinakeun alahbatan budak beulian.***

Dihina, dicarekan sakama-kama, disatru, teu diwawuhan, malah diusir.

Panginten moal benten ti kaayaan nu ariman zaman munggaran baheula, zaman jumeneng Rasulullah[S.a.w.] di Mekah.

11. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

***Wanita di ahir zaman, najan make papakean, tapi***

***sarua jeung ditaranjang. (Musnad Imam Ahmad bin Hanbal, ti Ibnu Abbas).***

Panginten pedah panganggona ipis ngalangkang, dugi ka salirana masih atra katingali.

Atanapi pedah panganggona teu nutupan orat-orat kawanitaan sakumaha kedahna. Tembong bitis, tembong pingping, tembong dada, tembong tonggong.

12. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

***Awewe bakal niru-niru lalaki, lalaki bakal niru-niru awewe.***

Moal sesah ngabuktikeun.
Tetela ayeuna parantos nyata.
Dugi ka sakapeung matak kaliru, naha eta teh awewe? Naha eta teh lalaki?

13. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

***Awewe di ahir zaman bakal ngareka buukna saperti subaka onta. (Musnad Imam Ahmad bin Hanbal).***

Ari subaka onta teh eta nu ngagenduk cara hunyur.

14. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

***Awewe bakal campur babarengan jeung lalaki dina widang perdagangan. (Hujajul-Karomah).***

Dina hal ieu tiasa oge dihartoskeun, yen wanita di ahir zaman ngahaja didamel alat pamikat dina widang perdagangan. Ngarah kajojo ku kaom pria.

Panginten nu disebat pramuniaga.

Atanapi waitres kiwari.

Malah apan di kantor-kantor perusahaan oge sok ngahaja milari juru tik wanita atanapi sekertaris.

15. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

***Di ahir zaman bakal timbul panyakit anu ngagentak ngabinasa jiwa manusa.* (*Hujajul-Karomah* ti Ibnu Abi Saibah ti Mujahid).**

Nu kitu teh tiasa jadi akibat seueur ngaleueut inuman keras, anu ngareksak dayana jantung sareng uteuk.

16. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

وَلَيُتْرَكُنَّ الْقِلَاصُ فَلَا يُسْعٰى عَلَيْهَا

***Wa layutrokunnal-qilãsu, falã yus'ã 'alaihã.* (*Muslim*).**

*"Onta-onta bakal dikencar, geus teu dipikabutuh."*

Maksadna, onta teu dipikabutuh kanggo tutumpakan dina nyanyabaan. Tangtos lantaran aya gentosna, tutumpakan anyar.

17. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

***Di ahir zaman bakal loba jelema nu ngagunakeun duit renten.* (*Dailami* ti S. Ali[r.a.]).**

Kiwari urang nyaksian, sagala widang kahirupan, hususna pisan widang pausahaan, henteu sepi tina pakuat-pakait sareng urusan renten.

18. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

اِذَا تُخِذَ الْفَيْءُ دِوَلًا وَالْأَمَانَةُ وَالزَّكَاةُ مَغْرَمًا وَتُعُلِّمَ لِغَيْرِ

الدِّيْنِ، وَاَطَاعَ الرَّجُلُ امْرَأَتَهُ وَعَقَّ اُمَّهُ وَاَدْنٰى صَدِيْقَهُ
وَأَقْصٰى اَبَاهُ وَظَهَرَتِ الْاَصْوَاتُ فِى الْمَسَاجِدِ وَسَادَ الْقَبِيْلَةَ
فَاسِقُهُمْ وَكَانَ زَعِيْمُ الْقَوْمِ اَرْذَلَهُمْ وَاُكْرِمَ الرَّجُلُ مُخَافَةَ
شَرِّهِ وَظَهَرَتِ الْقَيْنَاتُ وَالْمَعَازِفُ وَشُرِبَتِ الْخُمُوْرُ لَعَنَ اٰخِرُ
هٰذِهِ الْاُمَّةِ اَوَّلَهَا، فَارْتَقِبُوْا عِنْدَ ذٰلِكَ رِيْحًا حَمْرَاءَ وَزَلْزَلَةً وَ
خَسْفًا وَ مَسْخًا وَقَذْفًا وَاٰيَاتٍ تَتَابَعُ كَنِظَامٍ قُطِعَ سِلْكُهُ
فَتَتَابَعَ.

***Idza-t-tukhidzal-fae-u diwalan, wal-amãnatu waz zakãtu maghroman, wa tu'ullima lighoiriddĩn, wa 'athõ'arrujulu-m-roatahu, wa 'aqqõ ummahu, wa adnã shodĩqohu, wa aqshõ abãhu, wa zhoharotil ashwãtu fil-masãjidi, wa sãdal qobĩlata fãsiku-hum wa kãna- zaĩmul-qaomi ardzalahum, wa ukrima-r rojulu makhõfata syarrihi, wa zhoharotil-qoenatu, wal ma'ãrifu, wa syuribatil khumũru, wa la'ana ãkhiru hãd-zihil-ummati awwalahã; fartaqibũ 'inda dzãlika rĩhan hamrõ-an, wa zalzalatan, wa khosfan, wa maskhan, wa qodfan, wa ãyãtin tatãba'a kanidzõmin quthi'a silkuhu fatatãba'a.* (*Misykat*, dicarioskeun ku *Tirmidzi* ti Abu Huraerah).**

"*Dimana duit pajeg geus dianggap cara harta nu murag awur-awuran* (panginten maksadna: saha nu mulung eta nu ngadahar), *jeung dimana amanat geus dianggap harta gonimah* (panginten maksadna: saha nu nampi eta nu ngadahar,

teu didugikeun ka nu hak nampina)*, jeung di mana zakat geus saperti dengdaan* (panginten maksadna: teu hideng mayar, dugi ka kedah dipaksa, sapertos anu disita), *jeung dimana jalma-jalma giat balap nyiar elmu tapi lain keur kaperluan agama, jeung dimana lalaki tunduk sieun ku bojona, jeung dimana jelema loba nu pegat hubungan jeung indungna* (ngajeunkeun sareng ngantep, teu miara kapentingan hirupna), *jeung dimana malah leuwih raket jeung babaturanana, jeung jauh ti bapana* (panginten nu dimaksad teh: langkung akrab, langkung silihormat, silibelaan sareng sobat-sobatna tibatan ka ibu-ramana), *jeung dimana geus teu aya kahidmatan di masjid-masjid, jeung dimana nu jadi pamingpin kabilah (kaom) jelema nu pangfasekna di antara maranehanana, jeung dimana nu jadi pamingpin bangsa saenyana nu panglemahna iman, jeung dimana dihormat salahsaurang pedah dipikasieun ku kajahatanana, jeung dimana biduan/biduanita geus nonjol moyan meunang kahormatan, jeung dimana geus dipupujuhkeun ngeunaan urusan hiburan jeung dimana geus loba nu nginum inuman keras* (geus dianggap lumrah), *jeung dimana generasi nu pandeuri neumbleuhkeun sagala kagorengan ka generasi heulaeunana; inget, lamun eta kabeh geus kajadian, dagoan ku maraneh, bakal datang angin beureum* (tiasa jadi maksadna angin anu ngabinasa, topan), *bakal campuh loba lini, bakal loba tanah-tanah longsor, bakal robah beungeut jelema jadi leuwih goreng batan asalna* (panginten nu dimaksad beungeut di dieu, nya eta tingkah paripolah sareng ahlakna geus tembong goreng batan asalna), *jeung hujan batu* (tiasa jadi maksadna peperangan, nu murag-muragkeun

bom), *jeung rupa-rupa tanda sejenna, patutur-tutur, murudul, cara kongkorong pegat talina."*

19. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

لَايَبْقٰى مِنَ الْاِسْلَامِ اِلَّا اسْمُهُ وَلَا مِنَ الْقُرْاٰنِ اِلَّا رَسْمُهُ مَسَاجِدُهُمْ عَامِرَةٌ وَهِيَ خَرَابٌ مِنَ الْهُدٰى عُلَمَاءُهُمْ شَرٌّ مَنْ تَحْتَ اَدِيْمِ السَّمَاءِ وَمِنْ عِنْدِهِمْ تَخْرُجُ الْفِتْنَةُ وَفِيْهِمْ تَعُوْدُ

***Lã yabqo minal-Islãmi illã ismuhu, wa lã minal-Qurãni illã rasmuhu, masãjiduhum ãmirotun wa hiya khorõbun minal-hudã, 'ulamã-u-hum syarrun man tahta adĩmi-s-samã-i wa min 'indihim takhrujul-fitnatu, wa fĩhim ta'ũdu. (Al-Baihaqi).***

*"(Di ahir zaman) Islam ngan kari ngaranna, Quran ngan kari tulisanana, masjid-masjid maranehanana bakal aralus tapi kosong tina pituduh, ulama maranehanana bakal jadi golongan nu pangjahat-jahatna di kolong langit, tukang nyebar-nyebarkeun fitnah, anu temahna bakal malindes ka dirina sorangan, tamiang meulit ka bitis."*

Dina sumber sanesna kaunggel:

Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

يَأْتِ عَلَى النَّاسِ زَمَانٌ لَا يَبْقٰى مِنَ اْلِاسْلَامِ اِلَّااسْمُهُ وَلَا مِنَ الدِّيْنِ اِلَّا رَسْمُهُ وَلَا مِنَ الْقُرْاٰنِ اِلَّا دَرْسُهُ يَعْمُرُوْنَ مَسَاجِدَهُمْ وَهِيَ خَرَابٌ عَنْ ذِكْرِاللهِ اَشَرُّ اَهْلِ ذٰلِكَ الزَّمَانِ عُلَمَاءُهُمْ مِنْهُمْ تَخْرُجُ الْفِتْنَةُ وَاِلَيْهِمْ تَعُوْدُ وَهٰؤُلَاءِ الْعَلَمَاتُ الْقِيَامَةِ

***Ya'ti 'alannãsi zamãnun lã yabqo minal-Islãmi illã-s-muhu, wa lã minaddĩni illã rasmuhu, wa lã minal-Qurãni illã darsuhu, ya'murũna masãjidahum wa hiya khorõbun 'an dzikrillãhi, asyarru ahli dzãlika-z-zamãni 'ulamã-u-hum, minhum takhrujulfitnatu wa ilaihim ta'ũdu; wa hã-ulã-i alamatul-qiyãmah.* (Durrotunnashihin: 157 ti Ali bin Abi Tholib).**

*"Bakal datang ka manusa, zaman, anu dina zaman eta Islam ngan kari ngaranna, agama ngan kari merekna, Quran ngan kari bacaanana, masjid-masjidna mah dialus-alus, tapi kosong tina dzikir ka Allah, pangjahat-jahatna manusa di zaman eta "ulama" maranehanana, ti maranehanana kaluar pirang-pirang fitnah, anu eta fitnah-fitnah teh bakal malindes manjing di diri maranehanana; hal ieu kabeh jadi tanda ngadegna kiamah."*

20. Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

اِنَّ لِمَهْدِيِّيْنَ اٰيَاتَيْنِ لَمْ تَكُوْنَ مُنْذُ خَلْقِ السَّمٰوَاتِ وَالْاَرْضِ يَنْكَسِفُ الْقَمَرُ لِاَوَّلِ لَيْلَةٍ مِنْ رَمَضَانَ وَتَنْكَسِفُ الشَّمْسُ فِي النِّصْفِ مِنْهُ

***Inna limahdiyyĩna ãyãtaeni, lam takũna mundzu kholqis-samãwãti wal ardhi, yankasiful-qomaru li-awwali laelatin min romadhõna, wa tankasifusy-syamsu fi-n-nishfi minhu.***

*"Tanda sumpingna Imam Mahdi aya dua rupa, anu acan kajadian salila ngadeg langit jeung bumi, nya eta kahiji samagaha bulan dina peuting mimiti bulan Puasa, jeung kadua samagaha panonpoe dina tengah-tengahna bulan eta keneh."*

Hadits ieu luyu sareng firman Allah[S.w.t.] dina Quran Surah *Al-Qiyamah* ayat 7-9, sapertos anu parantos dipidangkeun di bagian tipayun.

Malah sapagodos sareng Injil *Matius* pasal 24 ayat 29, anu kieu unggelna:

> "Maka sejurus kemudian dari pada ketika sengsara itu, matahari akan dikelamkan dan bulan juga tiada akan bercahaya, dan segala bintang di langit akan gugur, dan segala kuat-kuasa yang di langit itu pun akan bergunjang-gunjing."

Tiasa dipastikeun, saha bae oge nu ngangken Imam Mahdi, upami henteu disahkeun ku tanda kajadian samagaha dua kali dina sasih Puasa, terang pangakuanana henteu leres.

Ieu tanda parantos kajadian dina taun 1311 H sasih Siam, meneran taun 1894 M. Samagaha bulan dina ping 13, samagaha panonpoe ping 28.

Tiasa jadi aya anu kaget, pedah saur Hadits samagaha bulan peuting mimiti, ari kajadian ping 13. Saur Hadits samagaha panon poe dina tengah-tengahna sasih Puasa, ari kajadian ping 28.

Supados teu jadi heran, sumangga perhatoskeun katerangan *Aqrobulmawãrid* juz 2, di dinya diterangkeun:

قَمَرٌ بَعْدَ ثَلَاثِ لَيَالٍ اِلَى اٰخِرِ الشَّهْرِ وَاَمَّا قَبْلَ ذٰلِكَ فَهُوَ هِلَالٌ

***Qomarun, bada tsalatsi layãlin ilã ãkhirisy-syahrin, wa ammã qobla dzãlika fahuwa hilãlun.***
**(*Aqrabul-mawarid* juz 2)**

*"Ti saenggeus malem tanggal 3 nepi ka ahir bulan, disebut* "qomar"*; ari samemehna, disebut* "hilal"*.*

*Tegesna, bulan ti tanggal 1 dugi ka tanggal 3, disebatna "hilal".*

*Ti tanggal 4 dugi ka panyeepan, disebatna "qomar".*
*Dupi dina Hadits disebatkeun* **yakhsiful-qomaru**, *sanes* **yakhsiful-hilal**.
*Terang, yen samagaha bulan nu dimaksad ku eta Hadits teh moal ping hiji. Saleresna samagaha bulan iraha bae, dimana bae, salamina mo kaluar ti tilu tanggal, nya eta tanggal 13 – 14 – 15, numutkeun sasih Hijriyah.*
*Jadi, ku ayana samagaha bulan dina ping 13 teh cocog pisan* **peuting mimiti**. *Nya eta peuting mimiti ti antara peuting nu sok dianggo samagaha bulan. Kitu deui samagaha panonpoe, moal kaluar ti tilu tanggal, nya eta tanggal 27 – 28 – 29, numutkeun bulan Hijriyah.*
*Jadi, kanyataan samagaha panonpoe taun 1311 dina ping 28 teh cocog pisan tengah-tengahna. Nya eta tengah-tengah ti antara nu sok dianggo samagaha panonpoe.*

Upami Hadits anu ngandung nubuatan ieu parantos bukti kajadian, kitu deui tanda-tanda anu sanesna, boh numutkeun Hadits, boh numutkeun Quran, teu sak deui ahir zaman teh ayeuna. Sarta teu sak deui, boh Imam Mahdi, boh Nabi Isa nu dijangjikeun, kitu deui Dajjal, kedah parantos aya.

Wajar kacida, upami urang enggal maluruh saha sareng di mana Imam Mahdi. Kitu deui saha sareng dimana Nabi Isa nu dijangjikeun baris lungsur di ahir zaman teh?

Mangkaning diparentah ku Rasulullah[s.a.w.] urang kedah *be'at* ka Imam Mahdi, sakumaha nu kaunggel dina *Ibnu Majah*:

فَإِنْ رَأَيْتُمُوْهُ فَبَايِعُوْهُ وَلَوْ حَبْوًا عَلَى الثَّلْجِ فَإِنَّهُ خَلِيْفَةُ اللهِ الْمَهْدِيُّ

***Fa in roaetumũhu fabãyiũhu, walao habwan 'ala-ts-tsalji, fainnahu kholĩfatullãhil-mahdiyyi.* (*Ibnu Majah*).**

*"Lamun maraneh geus ngadenge Imam Mahdi geus gelar, maraneh kudu be'at ka anjeunna, sanajan kudu kumarandang dina salju ku maraneh kudu dijugjug, karana saenyana anjeunna teh Khalifatullah Mahdi."*

Numutkeun Hadits ti *Abu Naim*, Imam Mahdi teh Khalifah (ti Nabi Muhammad[S.a.w.]).

Kitu deui numutkeun Hadits ti *Abu Huraerah*, Nabi Isa nu baris lungsur di ahir zaman oge Khalifah (ti Rasulullah[S.a.w.]).

Ku margi kitu, boh ka Imam Mahdi, boh ka Nabi Isa, urang wajib be'at.

وَمَنْ كَفَرَ بَعْدَ ذٰلِكَ فَأُولٰٓئِكَ هُمُ الْفٰسِقُوْنَ

***Wa man kafaro ba'da dzãlika, fa-ulã-ika humul-fãsikun.* (*An- Nur: 56*).**

*"Saha-saha nu teu nurut ka Khalifah, maranehanana ka asup golongan fasik."*

Nanging dina *Muslim* aya katerangan Rasulullah[S.a.w.] ngadawuhkeun:

اِذَا بُوْيِعَ لِلْخَالِفَتَيْنِ فَاقْتُلُوا الْاٰخَرَ مِنْهُمَا

***Idzã bũyi'a lil-khõlifataeni faqtulul-akhoro minhumã.* (*Muslim*)**

*"Lamun maraneh (kudu) be'at ka dua Khalifah (dina sazaman), ku maraneh kudu dipaehan Khalifah anu pandeuri."*

Bawiraos, mungguh akal, mustahil Allah[S.w.t.] ngangkat dua Khalifah dina sazaman, anu saurang di antarana kedah dipaehan.

Ku kituna, mustahil Imam Mahdi sareng Nabi Isa sasarengan dina sazaman, dina dua wujud.

Jawabanana kaunggel dina riwayat *Imam Ahmad bin Hanbal*, dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

يُوْشِكُ مَنْ عَاشَ مِنْكُمْ اَنْ يَّلْقَى ابْنَ مَرْيَمَ اِمَامًا مَهْدِيًّا وَحَكَمًا عَدْلًا

***Yũsyiku man 'ãsya minkum an- yulqo-bna Maryama Imãman Mahdiyan wa hakaman 'adalan.* (*Riwayat Ahmad bin Hanbal*)**

*"Geus deukeut waktuna, singsaha nu dipanjangkeun umur ti antara maraneh bakal papanggih jeung Isa bin Maryam Imam Mahdi Hakam Adil."*

Numutkeun Hadits ieu, geuning Nabi Isa bin Maryam nu bakal sumping di ahir zaman teh Imam Mahdi Hakam Adil. Tegesna, Nabi Isa sareng Imam Mahdi teh hiji jalma keneh. Eta-eta keneh.

Langkung tandes diterangkeun dina *Ibnu Majah* juz 2 kaca 1341 citakan Mesir, sareng oge dina *Musnad Imam Ahmad bin Hanbal* juz 2 kaca 411, kieu:

وَلَا الْمَهْدِيُّ اِلَّا عِيْسٰى

***Wa lal-Mahdiyyu ilã Isa.* (*Ibnu Majah* juz 2)**

*"Teu aya nu jadi Mahdi kajaba Isa."*

Tegesna, Mahdi teh Isa tea, atanapi Isa teh Mahdi tea.

Netelakeun ka urang, yen Imam Mahdi sareng Nabi Isa nu bakal sumping di ahir zaman teh hiji jalma keneh.

Dina *Abu Dawud* aya katerangan kieu, dawuhan Rasulullah S.a.w.:

لَوْ لَمْ يَبْقَ مِنَ الدُّنْيَا اِلَّا يَوْمٌ وَاحِدٌ لَطَوَّلَ اللهُ تَعَالٰى فِيْهِ رَجُلًا
مِنْ اُمَّتِيْ اَوْ مِنْ اَهْلِ بَيْتِيْ يُوَاطِئُ اسْمُهُ اِسْمِيْ وَاسْمَ اَبِيْهِ اِسْمَ

***Lao lam yabqõ minad-dun-yã illã yaomun wãhidun, latho-wwalallõhu ta'ãla fĩhi rojulan min ummatĩ ao min ahli baetĩ, yuwãthi'u ismuhũ ismĩ, wasma abĩhi isma abĩ.(Abu Dawud)***

*"Lamun tea mah umur dunya ngan kari sapoe deui, Allah baris manjangkeun eta poe pikeun dina eta poe Allah ngutus hiji lalaki ti umat kaula, atawa ti ahli baet kaula, anu ngaranna memper ngaran kaula, ngaran ramana memper ngaran rama kaula."*

Tina ieu Hadits urang tiasa ngabantun harti:

1. Yen kacida pastina Allah S.w.t. baris ngutus hiji lalaki (tangtosna ge utusan Allah) sapandeurieun Nabi Muhammad S.a.w..
2. Yen eta lalaki (utusan Allah) teh ti umat Nabi Muhammad S.a.w., tegesna ti umat Islam.
3. Yen eta lalaki Utusan Allah teh sanes Nabi Isa bin Maryam Israili. Margi Nabi Isa bin Maryam Israili mah sanes umat Islam, sanes umat Nabi Muhammad S.a.w..
   Malah jenenganana oge teu aya memperna saeutik-eutik acan sareng jenengan Nabi Muhammad S.a.w..
   Komo deui jenengan ramana.
   Apan Nabi Isa Israili mah teu kagungan rama.
4. Yen anu baris sumping diutus teh mung saurang. Jadi moal duaan babarengan, nya Imam Mahdi nya Nabi Isa, dina hiji wujud.

Dina riwayat *Bukhari* dina tafsirna, aya katerangan, dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

عَنْ اَنَسٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ رَسُوْلُ اللهِ صلعم عِصَابَةٌ تَغْزُ الْهِنْدَ تَكُوْنُ مَعَ الْمَهْدِيِّ اسْمُهُ اَحْمَدُ

***'An Anasin[r.a.] qõla Rosũlullõhi[S.a.w.] 'ishõbatun taghzul-Hinda takũnu ma'al Mahdiyyi ismuhũ Ahmad.*(Bukhari)**

*"(Ti Anas[r.a.]) dawuhan Rasulullah[S.a.w.]: Bakal kaluar rombongan pajuang Islam ti tatar India dina pingpinan Imam Mahdi, nu ngaranna Ahmad."*

Tina ieu Hadits urang terang:

1. Yen Imam Mahdi bakal gelar di India.
2. Yen Imam Mahdi mingpin golongan pajuang-pajuang Islam.
3. Yen jenengan Imam Mahdi teh Ahmad. (Nu didawuhkeun ku Rasulullah dina Hadits nu ti payun memper jenengan anjeunna tea).
4. Yen Imam Mahdi teh sanes jenengan jinis, nanging ngaran kapangkatan.

Dawuhan Rasulullah[S.a.w.] (dina Kitab *Al-Jawahirul-Asror* kaca 56 sareng dina Kitab *Hujajul Karomah* kaca 358) kieu:

يَخْرُجُ الْمَهْدِيُّ مِنْ قَرْيَةٍ يُقَالُ لَهَا قَدْعَةُ

***Yakhrujul-Mahdiyyu min qoryatin yuqõlu lahã Qad'ah.* (*Hujajul Karomah* kaca 368)**

*"Bakal kaluar Imam Mahdi ti hiji desa nu ngaranna Qad'ah.* (Kiwari disebut Qadian)*."*

Ku pertulungan Hadits-hadits ieu terang ka urang, yen Nabi

Isa nu baris sumping di ahir zaman, anu oge disebat Imam Mahdi tea, sanes Nabi Isa Israili nu baheula, nu urang Nazaret, nabina kaom Nasrani.

Nanging sok sanajan Imam Mahdi pada ngarep-ngarep, dina seuhseuhanana anjeunna sumping mah, pasti moal ditarima, pasti moal diarangken, malah pasti bakal disatru. Sarta kitu buktina oge.

Memang parantos digariskeun ti dituna, sakumaha kasauran Syekh Muhyiddin Ibnu-al-Arobi dina kitabna *Al-Futuhatul-Makiyyah*:

إِذَا خَرَجَ هٰذَا الْإِمَامُ الْمَهْدِيُّ فَلَيْسَ لَهُ عَدُوٌّ مُبِيْنٌ إِلَّا الْفُقَهَاءُ خَاصَّةً

***Idzã khoroja hãdzal-Imamul-Mahdiyu, falaesa lahũ 'aduwwun mubĩnun illal-fuqohã-u khõshshotan.(Al-Futuhatul Makiyyah)***

*"Dimana gelar Imam Mahdi bakal dipimusuh terang-terangan ku paraahli fiqih."*

Urang kantun milih.

Naha bade tumut kana parentah Rasulullah[S.a.w.], *be'at* ka Imam Mahdi? Atanapi bade ngiring sareng ahli fiqih, ngamusuh Imam Mahdi atanapi Masih Mau'ud (Almasih nu dijangjikeun ku Rasulullah[S.a.w.] baris sumping di ahir zaman) memang parantos sumping.

Anjeunna urang Qadian, di tatar India.

Jenengan lengkepna Mirza Ghulam AHMAD([a.s.]).

Mirza teh titel, atanapi gelar turunan bangsawan, turunan bangsawan Persi. Dilahirkeun taun 1250 H (sabada taun 1200 H tea), meneran taun 1835 M.

Tugas anjeunna neraskeun ajaran Nabi Muhammad[S.a.w.] (Quran), ngahirupkeun agama Islam يُحْيِ الدِّيْنَ وَيُقِيْمُ الشَّرِيْعَةَ

(***yuhyiddīna wa yuqīmus-syarī'ah***), sareng nerangkeun kalepatan agama Nasrani, anu parantos nyimpang tina ajaran Nabi Isa[a.s.] يَقْتُلُ الْخِنْزِيْرَ (***yaqtulul-khinzīr***).
Gerakanana disebat Jema'at Ahmadiyah, nu diadegkeun ku anjeunna kalawan parentah Allah[S.w.t.],taun 1889 M (1306 H).

# Nabi Isa Israili

Umumna umat Islam ngarep-ngarep sumpingna Nabi Isa di ahir zaman teh Nabi Isa Israili nu baheula. Anu numutkeun anggapan aranjeunna masih jumeneng di langit.

1. Dasar poko nu ngalantarankeun ayana kapercantenan kitu, pangpangna tina kirang taliti ngahartosan ayat ieu:

وَقَوْلِهِمْ اِنَّا قَتَلْنَا الْمَسِيْحَ عِيْسَى ابْنَ مَرْيَمَ رَسُوْلَ اللّٰهِ ۚ وَمَا
قَتَلُوْهُ وَمَا صَلَبُوْهُ وَلٰكِنْ شُبِّهَ لَهُمْ ۗ وَاِنَّ الَّذِيْنَ اخْتَلَفُوْا فِيْهِ
لَفِيْ شَكٍّ مِّنْهُ ۗ مَا لَهُمْ بِهٖ مِنْ عِلْمٍ اِلَّا اتِّبَاعَ الظَّنِّ وَمَا قَتَلُوْهُ
يَقِيْنًا ۝ بَلْ رَّفَعَهُ اللّٰهُ اِلَيْهِ ۗ وَكَانَ اللّٰهُ عَزِيْزًا حَكِيْمًا ۝ وَاِنْ
مِّنْ اَهْلِ الْكِتٰبِ اِلَّا لَيُؤْمِنَنَّ بِهٖ قَبْلَ مَوْتِهٖ ۚ وَيَوْمَ الْقِيٰمَةِ
يَكُوْنُ عَلَيْهِمْ شَهِيْدًا ۝

***Wa qaolihim innã qotalnal-Masĩha 'Ĩsabna Maryama Rosũlallohi; wa mã qotalũhu, wa mã sholabũhu, walãkin syubbiha lahum, wa innal-ladzĩna-kh-talafũ fĩhi lafĩ syakkin minhu; mã lahum bihĩ min ‘ilmin illa-t-tibã'az-zhonni ; wa mã qotalũhu yaqĩnan.***
***Bal rofa’ahullõhu ilaihi, wa kãnallõhu ‘azĩzan hakĩman.***
***Wa in min ahlil-kitãbi illã layu’minanna bihĩ qobla maotihi, wa yaomal qiyã-mati yakũnu ‘alaihim syahĩdan.* (*An-Nisa:* 158-161).**

*"Pangakuan maranehanana (urang Yahudi): Saenyana urang geus maehan Almasih Isa bin Maryam Rosul Allah; padahal maranehanna henteu maehan (Nabi Isa), jeung henteu nyalib (Nabi Isa), tapi (Nabi Isa teh) disamarkeun ka maranehanana; saenyana jalma-jalma anu ikhtilaf dina hal wafatna Nabi Isa, aya dina kamangmangan; maranehanana henteu ngabogaan kanyaho dina hal wafatna Nabi Isa, kajaba ngan ukur sangkaan wungkul, maranehanana henteu yakin kumaha nu sabenerna hal wafatna Nabi Isa."*

*"Tapi nu sabenerna mah Nabi Isa teh diangkat ku Allah ka Anjeunna; ari Allah Maha Gagah tur Maha Wijaksana."*

*"Jeung moal aya saurang oge ti ahli Kitab, kajaba maranehanana bakal percaya kana pangakuan maranehanana samemeh maotna; jeung di poe kiamah Nabi Isa bakal jadi saksi ka maranehanana."*

Umum ngahartoskeun: وَمَا قَتَلُوهُ وَمَا صَلَبُوهُ ***wa mã qotalũhu, wa mã sholabũhu*** teh majar: Nabi Isa henteu dipaehan sareng henteu disalib.

Salajengna dina ngahartoskeun وَلَٰكِن شُبِّهَ لَهُمْ ***walãkin syubbiha lahum*** majar: tapi jalma sejen nu disarupakeun sareng Nabi Isa nu di salib mah.

Kitu deui بَل رَّفَعَهُ اللَّهُ إِلَيْهِ ***bal rofa'ahullõhu ilaihi*** dihartosan majar Nabi Isa diangkat ku Allah ka langit.

a. Bantahan Allah[S.w.t.] ku kalimah وَمَا قَتَلُوهُ ***Wa mã qotalũhu***, kanggo ngeceskeun yen Nabi Isa henteu pupus ku dipergasa.

Margi memang urang Yahudi kantos nyiksa Nabi Isa, kalawan maksad maehan.

Hal ieu kaunggel dina Torat Kitab *Yesaya* 53:5, kieu:

"Tetapi ia sudah kena luka karena sebab segala kesalahan kita, dan iapun dihancurkan karena sebab segala kejahatan kita, bahwa siksa yang mengadakan selamat bagi kita itu berlaku atas dia dan oleh segala bilurnya kitapun disembuhkan."

Injil oge sami netelakeun, yen Nabi Isa kantos disiksa. Kaunggel dina *Matius* 27 : 30, kieu:

"Maka mereka itupun meludahi dia, serta mengambil buluh itu memalu kepalanya."

Nabi Isa henteu pupus ku dipergasa.

b. Bantahan Allah ku kalimah وَمَا صَلَبُوهُ ***wa mã sholabũhu***, kanggo ngeceskeun, yen Nabi Isa henteu pupus ku disalib.

Margi memang urang Yahudi kantos nyalib Nabi Isa, kalawan maksad maehan.

Hal ieu kaunggel dina Torat Kitab *Yesaya* 53:7, kieu:

"Apabila ia itu ditagih, maka iapun disengsarakan, tetapi tiada dibukakannya mulutnya, seperti seekor anak domba ia dihantar akan dibantai dan seperti seekor kambing biri-biri kelu di hadapan orang yang menggunting bulunya; demikianpun tiada dibukakannya mulutnya."

Dina Injil langkung tetela.

Kaunggel dina *Matius* 27 : 35 kieu:

"Setelah disalibkannya Yesus, maka mereka itupun berbahagia pakaiannya dengan membuang undi."

Terang, yen Nabi Isa teh kantos disiksa, kantos disalib.

Tiasa jadi aya nu nolak kana katerangan Torat sareng Injil, pedah sanes kitab Islam.

Nanging ulah lali, Quran marentahkeun ka urang, supados umat Islam oge percanten kana kitab-kitab suci nu samemeh Alquran.

Dawuhan Allah^S.w.t.^:

يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوْٓا اٰمِنُوْا بِاللّٰهِ وَرَسُوْلِهٖ وَالْكِتٰبِ الَّذِيْ نَزَّلَ عَلٰى رَسُوْلِهٖ وَالْكِتٰبِ الَّذِيْٓ اَنْزَلَ مِنْ قَبْلُ ۗ

***Yã ayyuhalladzĩna ãmanũ, ãminũ billãhi wa rosũlihi wal kitãbilladzĩ nazzala 'alã rosũlihĩ walkitãbilladzĩ anzala min qoblu . . (An-Nisa, 137).***

*"He jalma-jalma nu ariman, kudu iman maraneh ka Allah jeung ka Rasul-Na (Nabi Muhammad saw) jeung kana kitab nu diturunkeun ka eta Rasul (Quran) jeung kana kitab nu diturunkeun samemehna……"*

Urang Yahudi nyangka Nabi Isa pupus, boh lantaran akibat siksaan, boh lantaran disalib.

Nya sangkaan urang Yahudi ieu anu dibantah ku Allah^S.w.t^, yen Nabi Isa teh sanes pupus ku lantaran dipergasa, sanes pupus ku lantaran disalib.

Pupusna Nabi Isa mah pupus wajar, sakumaha nu didawuhkeun ku Allah^S.w.t^:

اِنِّيْ مُتَوَفِّيْكَ

***Innĩ mutawaffĩka . . . . . . . (Ali-Imran: 56).***

*"Saenya-enyana Kami (Allah) nu ngawafatkeun hidep (Isa) . . . "*

Sajarah oge netelakeun, yen Nabi Isa memang disiksa ku jalan dirangket langkung ti 90 kali rangketan, dugi ka babak belur.

Sajarah oge netelakeun, yen Nabi Isa memang disalib. Jadi kalimah wa ma qotaluhu wa ma sholabuhu, teu tiasa dihartosan teu dipaehan jeung teu disalib, margi upami di hartosan kitu, salian ti teu cocog sareng Torat miwah Injil, ngandung hartos oge ngabohongkeun sajarah, anu nyata-nyata parantos kajadian.

c. Salajengna ngeunaan kalimah وَلَـٰكِن شُبِّهَ لَهُمْ ***walãkin syubbiha lahum***.

'**Hu**' ( هُ ) dina kalimah وَمَا قَتَلُوهُ ***wa mã qotalũhu***, cek nahwuna ieu oge tangtos Nabi Isa.

Kitu deui '**Hu**' ( هُ ) dina kalimah ***wa mã sholabũhu***, cek nahwu na ieu oge tangtos Nabi Isa.
Upami parantos tetela hu teh Nabi Isa, tangtos hartos kalimah وَلَـٰكِن شُبِّهَ لَهُمْ ***walãkin syubbiha lahum*** oge moal henteu: *tapi Nabi Isa teh* ***disamarkeun*** *ka maranehanana*.
Nabi Isa nu disamarkeun. Sanes jalma sejen.
Terang, anggapan nu nyebatkeun jalma sejen disigakeun Nabi Isa, tetela lepatna.
Bandingkeun sareng conto kalimah ieu:

> "Si Anu tadi ka pasar. Manehna balanja rupa-rupa. Tuluy manehna balik. Di jalan titajong".

Saha nu titajong?
Moal saha deui, tangtos Si Anu.

Nya kitu deui dina ayat nu tadi, nu disamarkeun teh tangtos Nabi Isa. Da eta nu nuju jadi jejer carita.
Upami tea mah jalma sejen disigakeun Nabi Isa, tangtos manehna bakal gogorowokan: "Aranjeun salah! Kuring mah sanes Nabi Isa !"
Injil netelakeun, yen leres-leres Nabi Isa nu disalib teh. Sanes jelema sejen:

> "Maka dari pada pukul duabelas tengah hari gelaplah di seluruh tanah itu, hingga pukul dua petang. Maka sekira-kira pukul tiga itu berserulah Yesus dengan suara yang nyaring, katanya:
>
> "Eli, Eli, lama sabakhtani", artinya: "Ya Tuhanku, ya Tuhanku, apakah sebabnya Engkau meninggalkan Aku!" (*Matius* 27:45- 46).

Terang, nu sasambat dina salib teh Nabi Isa. Kantun urang nangtoskeun, Nabi Isa teh disamarkeun naonana? Upami tea mah disamarkeun rupina, disigakeun jelema sejen, tangtos urang Yahudi protes: "Geuning eta mah lain Isa!"

Memang nu disamarkeun teh sanes rupina, sanes warugana, nanging disamarkeun dina hartos katingalna ku urang Yahudi Nabi Isa jiga wafat.

Margi mastaka Nabi Isa ngulahek.

d. Kalimah بَل رَّفَعَهُ اللّٰهُ إِلَيْهِ ***bal rofa'ahullõhu ilaihi***, rupina sok sapedah aya kecap رَفَعَ ***rofa'a*** (nu hartosna: diangkat), lajeng bae dihartosan diangkat ka langit.

   Padahal kecap رَفَعَ ***rofa'a*** henteu salamina kedah dihartosan diangkat ti handap ka luhur dina hartos tempat. Tiasa oge dina hartos darajat, atanapi pangkat.

   Dina doa *shalat* sok ngucapkeun وَارْفَعْنِيْ ***warfani*** (= *sareng mugi Gusti ngangkat jisim abdi*).

   Naha ngandung hartos: mugi Gusti ngangkat jisim abdi ka langit ?
   Asa moal aya nu ngahartosan kitu.
   Nanging tangtos dina hartos: mugi Gusti ngangkat darajat jisim abdi.

   Kawuwuh kecap اِلَيْهِ ***ilaihi*** teu tiasa dihartosan ka langit اِلَى السَّمَاءِ (= ***ilas samã-i***).

Margi hartos اِلَيْهِ ***ilaihi*** teh = ka Anjeunna (ka Allah).

Ari Allah numutkeun aqidah Islam apan teu ngalap tempat.
Jadi teu tiasa disebat di langit.

e. '**Hi**' بِهِ dina kalimah لَيُؤْمِنَنَّ بِهِ ***layu'minanna bihi***, balikna kedah kana hal pangakuan urang Yahudi parantos maehan Nabi Isa. Nya eta kana kalimah ***innã qotalnal-Masĩha 'Ĩsabna Maryama Rosũlullõhi***.

'**Hi**' dina kalimah قَبْلَ مَوْتِهِ ***qobla maotihi*** balikna kedah ka ahli kitab.

Hal ieu kalawan bari ngemutkeun ayana *nun tauqid* dina kecap لَيُؤْمِنَنَّ ***layu'minanna***.

Anu upami ditarjamahkeun ti mimiti ayat: Moal aya saurang oge ti ahli kitab, anging kabeh bakal percaya kana hal wafat Nabi Isa disalib, samemeh maotna (ahli kitab).

Tegesna: sadaya ahli kitab (urang Yahudi) percaya kana Wafat Nabi Isa ku disalib, samemeh maranehanana (urang Yahudi) maot.

Upami ***'hi'*** dina kalimah لَيُؤْمِنَنَّ بِهِ ***layu'minanna bihi*** dilarapkeun ka Nabi Isa (dianggap kecap gaganti Nabi Isa) sakumaha anggapan umum, tangtos hartos ayat eta teh kieu: Sadaya ahli kitab (urang Yahudi) pasti bakal percaya ka Nabi Isa, samemeh maranehanana maot.

Ayana kapastian, nya eta ku ayana nun tauqid tea.
Upami kitu, tojaiah sareng kanyataan.
Margi parantos ratusan rebu, malah jutaan Ahli Kitab urang Yahudi nu parantos maraot ti zaman Nabi Isa dugi ka ayeuna (kirang langkung 2000 taun), bari tetep teu percanteneun ka Nabi Isa, Rasul Allah.

Dina sabudeureun perang dunya nu kadua bae, zaman Adolf Hitler kumawasa di Jerman, moal kirang ti 6.000.000 (6 juta) urang Yahudi nu maraot. Eta sadayana teu percanteneun kana karasulan Nabi Isa.

Upami keukeuh ngahartosan, yen sadaya Ahli Kitab urang Yahudi pasti bakal percanten ka Nabi Isa, samemeh maranehanana maot, hal sarupi kitu sami bae sareng nolak kanyataan, anu nembrak kasaksi, jutaan urang Yahudi nu parantos maraot teu percanteneun ka Nabi Isa.

Malah langkung bahaya ti kitu, sami bae sareng maparin dalil kakiatan ka pihak nu mikarep ngabohongkeun kana Alquran. Padahal sanes Alquran anu lepat, nanging nu ngahartosan teu leres, anu lepat tea mah.

Benten halna upami '***hi***' dina kalimah لَيُؤْمِنَنَّ بِهِ ***layu'minanna bihi*** di larapkeun kana hal anggapan urang Yahudi nyebatkeun Nabi Isa wafat waktos disalib.

Tur memang kitu nu saleresna.

Memang sadaya ahli kitab urang Yahudi, dugi ka ayeuna, malah dugi ka saterasna, satungtung maranehanana tetep ngagem agama Yahudi, eta ngandung hartos, yen maranehanana ngagaduhan anggapan Nabi Isa wafat disalib.

Anu ku kituna, maranehanana tetep nganggap Nabi Isa teh nabi palsu.

Hal ieu ku maranehanana dihubungkeun kana undang-undang hukum Torat Kitab *Ulangan* 21: 22-23 nu unggelna kieu:

> "Maka jikalau barang seorang telah berbuat dosa, yang patut ia mati dibunuh, dan jika hukumnya kamu menggantungkan dia pada kayu, tiada boleh mayatnya bermalam pada kayu itu, melainkan hendaklah kamu menguburkan dia pada hari itu juga, karena orang yang tergantung itu kutuklah bagi Tuhan Allah! Maka

> sebab itu, janganlah kamu menajiskan tanahmu, yang telah dikaruniakan Tuhan, Allahmu, kepadamu akan bahagian pusaka."

Eta margina, anu mawi urang Yahudi teu percanteneun ka Nabi Isa.

Margi cek sangkaanana Nabi Isa teh pupus dina palang salib. Ari nu wafat dina palang salib, numutkeun Torat, tandana jelema doraka.

Nya hal ieu pisan nu dibantah ku Allah[S.w.t.], yen wafatna Nabi Isa teh sanes ku lantaran dipergasa, sareng sanes ku lantaran disalib.

Nya eta kanggo ngabersihkeun Nabi Isa tina tuduhan urang Yahudi, nu nyebatkeun nabi palsu. Nu sayaktosna mah waktos disalib teh mung kalenger, kapaehan.

Ku teu pupusna ku pamergasa sareng ku disalib, nya hal ieu pisan nu dimaksad diangkat (***rofa'ahullõhu ilaihi***) darajat Nabi Isa tina tuduhan nabi palsu ti urang Yahudi.

Dawuhan Allah[S.w.t.]:

اِذْ قَالَ اللّٰهُ يٰعِيْسٰىٓ اِنِّيْ مُتَوَفِّيْكَ وَرَافِعُكَ اِلَيَّ وَمُطَهِّرُكَ مِنَ
الَّذِيْنَ كَفَرُوْا

***Idz qõlallõhu yã 'Īsa innī mutawaffīka, wa rõfi'uka ilayya, wa muthohhiruka minalladzīna kafarũ . . . . . . . (Ali Imran: 56).***

*"Sing inget waktu Allah ngadawuh: "He Isa, saenyana Kami nu ngawafatkeun hidep, jeung Kami ngangkat hidep ka Kami, jeung Kami ngabersihkeun hidep tina (tuduhan) jalma-jalma nu teu percaya. . . . ."*

Upami tea mah kecap رَفَعَ ***rofa'a*** di dieu bade keukeuh dihartosan diangkat ka langit, terang nu baris diangkat ka langit teh moal boa tangtos layon Nabi Isa.

Margi numutkeun susunan kalimah dina ayat ieu diangkatna teh saparantos diwafatkeun.

Upami tea mah anggapan umum nyebatkeun ayeuna Nabi Isa aya di langit, tangtos nu aya di ditu teh layonna.

Upami tea mah anggapan umum ayeuna jumeneng keneh, teu acan pupus, tangtosna ge acan ka langit.

Margi diangkatna ka langit teh saparantos diwafatkeun.

Terang, anggapan nu nyebatkeun Nabi Isa masih jumeneng di langit teh, dibatalkeun ku firman Allah[S.w.t.], sakumaha nu kaunggel dina Alquran Surah *Ali-Imron*: 56. anu kasebat tadi.

Alhasil, jiwa ayat eta teh kieu upami diucapkeun ku basa biasa mah:

> Wafatna Nabi Isa teh lain ku panggawe urang Yahudi, lain ku dipergasa, lain ku disalib, tapi wafat wajar ku Kami (Allah), pikeun ngangkat darajat jeung kahormatan Nabi Isa sacara Rasul Allah, sarta ku disalametkeunana tina wafat ku panyiksa jeung tina wafat ku disalib, eta teh mangrupa panangtayungan ti Kami (Allah), supaya Nabi Isa beresih tina tuduhan-tuduhan kotor urang Yahudi.

Tilu dinten tilu wengi Nabi Isa dina kaayaan teu sadar (kapaehan).

Tapi memang parantos dilandongan ku sarupaning salep ku pangjeujeuh dua urang sahabatna, Nikodemus (ahli ubar-ubaran), sareng Yusuf Arimatea.

Saparantos damang, anjeunna tilu kali nepangan para panganutna, lajeng angkat ka tatar wetan, nu ahirna tetep-tumetep di daerah pagunungan nu lendo curcor caina, di Kasmir:

وَجَعَلْنَا ابْنَ مَرْيَمَ وَاُمَّهٗٓ اٰيَةً وَّاٰوَيْنٰهُمَآ اِلٰى رَبْوَةٍ ذَاتِ قَرَارٍ وَّمَعِيْنٍ

***Wa ja'alnabna maryama wa ummahu ãyatan, wa ãwaenahumã ilã rabwatin dzati qorõrin wa ma-in.(Surah Al-Mu'minun: 51).***

*"Jeung Kami geus ngajadikeun Ibnu Maryam jeung ibuna hiji tanda (kakawasaan Kami), jeung Kami nangtayungan maranehanana di hiji padataran luhur (tanah datar pagunungan) nu loba tegalanana jeung loba sumber-sumber caina."*

Nya di dinya anjeunna nyeepkeun yuswana; pupus dina yuswa 120 taun.

Hal ieu diterangkeun dina Torat Kitab *Kejadian* 6 : 3, nu kieu unggelna:

> "Maka firman Tuhan: Bahwa Roh-Ku tiada akan berbantah-bantah selama-lamanya dengan manusia, karena hawa nafsu jua adanya, melainkan tinggal lagi panjang umurnya seratus duapuluh tahun."

Didawuhkeun oge ku Rasulullah[S.a.w.], sakumaha nu kaunggel dina Kitab *Rowahut-Tabroniyyu wal-Hakim* sareng dina *Kanzul-Umal*, sareng oge dina *Hujajul-Karomah*, ti Siti Aisyah[r.a.]:

عَنْ عَائِسَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهَا قَالَتْ، قَالَ رَسُوْلُ اللهِ صلّعم فِيْ مَرْضِهِ الَّذِيْ تُوُفِّيَ فِيْهِ لِفَاطِمَةِ: اَنَّ جِبْرِيْلَ كَانَ يُعَارِضُنِيَ الْقُرْاٰنَ كُلَّ عَامٍ مَرَّةً، وَفِيْ هٰذَا الْعَامِ مَرَّتَيْنِ وَاَخْبَرَنِيْ اَنَّ عِيْسَى ابْنَ مَرْيَمَ عَاشَ عِشْرِيْنَ وَمِأَةِ سَنَةٍ

***'An 'Ãisyata*[r.a.] *qõlat, qõla Rosũlullõhi*[S.a.w.] *fĩ mardhihil ladzĩ tuwuffia fĩhi li Fãtimati: anna Jibrĩla kãna yu'ãri-duniyal Qurãna kulla 'ãmin marrotan, wa fĩ hãdzal 'ãmi marrotaini, wa akhbaronĩ anna 'Ĩsabna Maryama 'ãsya 'isyrĩna wa mi-ata sanatin.* (*Kitab Rowahut-Tabroniyyu wal-Hakim* sareng dina *Kanzul-Umal,* sareng oge dina *Hujajul-Karomah,* ti Siti Aisyah[r.a.])**

*"Ti Siti Aisyah[r.a.] saurna Rasulullah[S.a.w.] sasauran ka Fatimah, dina waktu Rasulullah[S.a.w.] teu damang, nu ngalantarankeun anjeunna pupus, dawuhanana: 'Saenyana Jibril unggal taun sok datang mariksa Quran sataun sakali, ari dina taun ieu mah dua kali. Jibril ngabejaan, yen yuswa Nabi Isa 120 taun.'"*

Ana kitu, atuh 450 taun samemeh gelar Nabi Muhammad[S.a.w.] oge Nabi Isa[a.s.] teh parantos pupus. Di Kasmir. Terang, anggapan nu nyebatkeun Nabi Isa masih jumeneng di langit, dibatalkeun ku Rasulullah[S.a.w.], nu saur anjeunna yuswa Nabi Isa 120 taun.

2. Alesan kadua, nu ngalantarankeun seueur umat Islam kagungan anggapan majar Nabi Isa masih jumeneng di langit, pedah dina Hadits *Muslim* kaunggel kieu:

كَيْفَ اَنْتُمْ اِذَا نَزَلَ فِيْكُمُ ابْنُ مَرْيَمَ وَاِمَامُكُمْ مِنْكُمْ

***Kaefa antum idzã nazala fĩkumubnu Maryama wa imã-mukum minkum.*(*Muslim*)**

*"Rek kumaha maraneh, dimana turun Nabi Isa bin Maryam di lingkungan maraneh, jeung jadi imam maraneh, jeung ti maraneh."*

Hadits ieu dijadikeun alesan:

1. Ku margi Nabi Isa disebatkeun bade sumping di ahir zaman, tangtosna ge jumeneng keneh.
2. Nu bade sumping teh Isa bin Maryam. Teu aya dua Isa bin Maryam, kajaba Isa bin Maryam nabina urang Nasrani.
3. Ku lantaran disebatkeun turun (nazala), tangtos ti luhur. Nya eta ti langit. Ku margi kitu, tangtos ayana di langit.

Ayeuna sumangga urang titenan kalayan taliti Hadits anu nembe, kanggo netepkeun pamadegan, ngeunaan rasiah nu dikandung ku eta Hadits.

Dina eta Hadits aya segat نَزَلَ ***nazala***, nu hartosna turun.

Anu ku ayana segat نَزَلَ ***nazala*** eta, ku umum dianggo alesan **'turun'** ti langit, sakaligus dianggo alesan kanggo netepkeun Nabi Isa aya di langit.

Nanging ulah lali, segat نَزَلَ ***nazala*** henteu salamina ngandung hartos **'turun'** ti tempat luhur ka tempat handap.

Bukti-buktina kasebat di handap ieu, conto ti Allah[S.w.t.]:

a. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

إِنَّا نَحْنُ نَزَّلْنَا الذِّكْرَ وَإِنَّا لَهُ لَحٰفِظُوْنَ

***Innã nahnu* nazzalna*-dz-dzikro, wa innã lahũ lahãfidhũn. (Al- Hijr :10).***

*"Saenyana Kami (Allah) nu* ***nurunkeun*** *Quran, jeung Kami (Allah) anu baris ngaraksana."*

Buktina geuning ayat-ayat Alquran teh henteu rabul murag ti langit.

b. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

إِنَّآ أَنْزَلْنَا التَّوْرٰىةَ فِيْهَا هُدًى وَّنُوْرٌ

***Innã* anzalna-*t-Taorãta fĩhã hudan wa nũr.* (*Al-Maidah:* 45).**

*"Saenyana Kami (Allah) nu geus* **nurunkeun** *Torat, nu eusina pituduh jeung nur."*

Torat oge geuning henteu rabul maruragan ti langit.

c. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَاَنْزَلْنَا الْحَدِيْدَ فِيْهِ بَأْسٌ شَدِيْدٌ

***Wa* anzalnal-*hadĩda fĩhi ba'sun syadĩdun . . . . .*(*Al-Hadid :* 26).**

*"Jeung Kami (Allah) geus* **nurunkeun** *beusi nu kacida teuasna….."*

Beusi oge henteu tinggareblug ragragan ti langit. Malah dikali ti jero bumi.

d. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

يٰبَنِيْٓ اٰدَمَ قَدْ اَنْزَلْنَا عَلَيْكُمْ لِبَاسًا

***Yã banĩ Ãdama, qod* anzalnã *'alaikum libãsan…. (Al-Arof : 27)***

*"He bani Adam, Kami (Allah) geus* **nurunkeun** *papakean ka maraneh . ."*

Papakean oge geuning henteu maruragan ti langit. Nanging ditinun tina kapas, tina bulu domba, tina cacaka hileud sutra, sareng salian ti eta.

Jadi نَزَلَ ***nazala*** ngeunaan lungsurna Nabi Isa di ahir zaman oge teu acan mutlak dina hartos ti langit ka bumi.

Langkung wajar upami dihartosan sami sareng nyelir,

ngangkat, atanapi ngutus.

Aya dawuhan Allah^S.w.t.^ anu kieu:

هُوَ الَّذِيْ بَعَثَ فِى الْاُمِّيّٖنَ رَسُوْلًا مِّنْهُمْ

***Huwalladzĩ* ba'atsa *fil ummiyyĩna Rosũlan minhum….*(*Surah Jumah:* 3)**

*"Allah **ngutus** (Muhammad^S.a.w.^) di kalangan umiyyin, salahsaurang ti kalangan ummiyyin keneh ………"*

Tuh, segat ***ba'atsa*** oge geuning dihartosan ngutus.

Padahal hartos kecap ***ba'atsa*** sacerewelena mah '***ngahudangkeun***'.

Dina Hadits disebatkeun فِيْكُمْ ***fĩkum***. Nu hartosna di jero lingkungan maraneh.

Upami tea mah leres sakumaha anggapan umum, Nabi Isa di turunkeun ti langit, moal فِيْكُمْ ***fĩkum*** pibasaeunana, nanging langkung merenah ku basa اِلَيْكُمْ ***ilaikum***.

Margi ti langit ka bumi teh ngandung hartos ti hiji tempat ka tempat sejenna. Kedah nganggo segat اِلَي ***ilã***.

Unina Hadits teh kedah kieu:

كَيْفَ اَنْتُمْ اِذَا نَزَلَ اِلَيْكُمْ ابْنُ مَرْيَمَ

***Kaefa antum idzã nazala* ilaikum-*ubnu Maryama...***

Apan henteu kitu.

Netelakeun ka urang, yen Nabi Isa bin Maryam teh jalmana parantos aya di lingkungan umat Islam. Sanes di langit.

Jenengan ***Isa bin Maryam***, anu dianggo alesan kanggo nyebatkeun nu bakal sumping di ahir zaman teh Nabi Isa

Israili nu baheula, nabina urang Nasrani, kalawan alesan teu aya dua Isa putra Maryam kajaba eta, eta oge acan mutlak tiasa dianggo kakiatan.

***Bin*** atanapi ***Ibnu***, leres hartosna teh putra pameget.

Muhammad ***bin*** Abdullah, hartosna Muhammad putra pameget Abdullah.

Kumaha ari Syekh ***Ibnu*** Hajar?

Naha tiasa dihartosan Syekh putra pameget batu ?

Aya batu nu gaduh anak lalaki jelema?

Kitu deui Abu Huraerah, naha tiasa dihartosan bapa ucing ?

Naha anjeunna kagungan putra ucing ?

Di kalangan masyarakat Arab aya pakeman basa:

لِكُلِّ فِرْعَوْنِ مُوْسٰى ***li kulli Firaoni Mũsa***, nu hartosna: unggal-unggal aya Firaon, tangtu aya Musa.

Padahal Firaon nu ngamusuh Nabi Musa, kitu deui Nabi Musa, duanana parantos wafat.

Moal henteu hartosna: Samangsa-mangsa aya jelema anu adat tabe'atna sapertos Firaon, pasti bakal aya lawanna, anu adat istiadatna sapertos Nabi Musa.

Cindekna, nu bakal aya teh sanes wujud jelemana, boh Firaon boh Nabi Musa, nanging anu ngagaduhan sipat anu sami.

Kitu halna Nabi Isa bin Maryam nu bakal sumping di ahir zaman oge.

Sanes Nabi Isa bin Maryam anu baheula, nanging anu ngagaduhan sipat-sipat anu sami sareng Nabi Isa bin Maryam anu baheula.

Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.], anu anjeunna ngangken Mujaddid abad ka-14, Imam Mahdi, sareng oge Nabi Isa nu dijangjikeun bakal sumping di ahir zaman (Masih Mau'ud), memang seueur sasaruaanana sareng Nabi Isa Israili bin Maryam:

1. Nabi Isa bin Maryam^a.s.^ dilahirkeun di nagara jajahan (jajahan karajaan Romawi).

   Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad^a.s.^ oge dilahirkeun di nagara jajahan (jajahan karajaan Inggris) -

2. Nabi Isa bin Maryam^a.s.^ jadina nabi henteu nyandak syareat anyar nanging ngindung neruskeun syareat Nabi Musa^a.s.^

   Ngindung kana kitab suci Torat.

   Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad^a.s.^ oge henteu nyandak syareat anyar, nanging ngindung neraskeun syareat Nabi Muhammad saw Ngindung kana kitab suci Al-Qur an.

3. Nabi Isa bin Maryam^a.s.^ diutusna teh kanggo narik urang Yahudi supados marulang deui kana hukum Torat, anu mangsa eta maranehanana parantos seueur nyimpang tina hukum Torat.

   Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad^a.s.^ oge diutusna teh kanggo narik umat Islam kana hukum Alquran, anu mangsa eta umumna umat Islam parantos teu malire kana hukum Alquran.

4. Nabi Isa bin Maryam^a.s.^ kantos difitnah, dugi ka unggah bale watangan, nanging ahirna anjeunna dibebaskeun tina tuduhan, ku hakim Pilatus.

   Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad^a.s.^ oge kantos difitnah, dugi ka unggah balewatangan, nanging ahirna anjeunna dinyatakeun bebas tina tuduhan, ku hakim Mr. Douglas.

5. Nabi Isa bin Maryam^a.s.^ dipimusuh ku umat Yahudi, pangpangna ku ulamana (imam-imamna).

   Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad^a.s.^ oge dipimusuh ku umat Islam, pangpangna ku ulama.

6. Nabi Isa bin Maryam[a.s.] henteu ngalawan ku kakerasan ka lawan-lawan anjeunna, nanging mung ku hujah-hujah wungkul.

7. Nabi Isa bin Maryam[a.s.] henteu kantos ngalaman perang. Teu sapertos Nabi Musa.

   Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.] oge henteu ngalaman perang. Teu sapertos Nabi Muhammad[S.a.w.]

8. Nabi Isa bin Maryam[a.s.] teu kantos ngawasa nagara sapertos Nabi Musa[a.s.]

   Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.] oge teu kantos ngawasa nagara sapertos Nabi Muhammad[S.a.w.]

9. Nabi Isa bin Maryam[a.s.] diutus ku Allah[S.w.t.] saparantos 13 abad ti Nabi Musa[a.s.]

   Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.] oge diutus saparantos 13 abad ti Nabi Muhammad[S.a.w.]

10. Nabi Isa bin Maryam[a.s.] diutus dina mangsa umat Yahudi ijma ngagaduhan anggapan moal aya deui nabi sabada Nabi Musa[a.s.]

اِجْمَاعُ الْيَهُوْدِ عَلٰي اَنْ لَّا نَبِيَّ بَعْدَ مُوْسٰى

***Ijmã'ul-Yahudi 'alã an lã nabiyya ba'da Mũsã.***

(Kaunggel dina Kitab *Muslimu-ts-tsubut*).

Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.] oge diutus dina mangsa Umat Islam *ijma'* nyarebatkeun moal aya deui nabi sabada Nabi Muhammad[S.a.w.]

Nya ku margi seueurna sasaruaan, anu mawi Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.] disebat Isa bin Maryam (Masih Mau'ud).

e. Dina Hadits disebatkeun وَإِمَامُكُمْ ***wa imãmukum***, nya eta Nabi Isa bin Maryam nu bakal sumping di ahir zaman teh baris jadi imam (pamingpin) umat Islam.

Ngeunaan hal ieu, aya tilu perkawis anu peryogi diemutkeun:

- Upami leres Nabi Isa bin Maryam Israili baris jadi imam umat Islam, tangtosna ge kedah ngawulang bagbagan ajaran Islam, ngajarkeun elmu-elmu Alquran, anu basana basa Arab.

  Padahal anjeunna teu iasaeun basa Arab.

  Upami diajar heula, ka saha diajarna?

  Upami langsung dipaparin ajaran ti Allah, naha henteu ngandung hartos Alquran diwahyukeun dua kali ?

  Nya ka Nabi Muhammad[S.a.w.], nya ka Nabi Isa[a.s.] ?

  Naha henteu ngandung hartos Nabi Isa[a.s.] langkung mulya tibatan Nabi Muhammad[S.a.w.]? Pedah buktina Nabi Isa[a.s.] mah nya dipaparin wahyu Injil, nya dipaparin wahyu Quran. Dupi Nabi Muhammad[S.a.w.] mah mung nampi wahyu Quran wungkul, henteu nampi wahyu Injil. *Naudzu billah*.

- Numutkeun Alquran, Nabi Isa[a.s.] mung dipaparin Injil.

  Dawuhan Allah[S.w.t.]:

  وَاٰتَيْنٰهُ الْاِنْجِيْلَ

  ***Wa ãtaenãhul Injĩl* (*Al-Maidah*:46).**

  Dimana anjeunna sumping di ahir zaman ngajarkeun Al Quran, naha ayat ***Wa ãtaenãhul-Injĩl***, bade dianggap mansukh? Atanapi bade dirobah, diwuwuhan jadi: ***wa ãtaenã hul Injĩla wal-Qurãna***, supados cocog sareng kanyataan harita?

  *Naudzu billah.*

- Dawuhan Allah[S.w.t.] dina Alquran, Nabi Isa[a.s.] jadina Rasul mung husus kanggo bani Israil (Yahudi):

وَرَسُوْلًا اِلٰى بَنِيْٓ اِسْرَآئِيْلَ

***Wa rosũlan ilã banĩ Isrãĩl . ... (Ali-Imron: 50).***

Dina Injil oge sami, yen Nabi Isa[a.s.] teh husus kanggo bani Israil.

Pangakuan Nabi Isa[a.s.] ku anjeun:

> "Maka jawab Yesus, katanya: Tiadalah Aku disuruhkan kepada yang lain, hanya kepada segala domba yang sesat dari antara bani Israil. (*Matius* 15 : 24)."

Dimana anjeunna sumping di ahir zaman jadi imam umat Islam, anu ngandung hartos oge jadi imam sagala bangsa, naha eta ayat Injil *Matius* 15 : 24 sareng ayat dina Alquran Surah *Ali-Imron*: 49 bade dianggap mansukh? Atanapi hususna *Ali-Imron*: 49 bade diwuwuhan jadi: ***Wa rosũlan ilã banĩ Isrãĩl wa ilal-ãlamĩna***, upamina, supados cocog sareng kanyataan harita?

*Naudzu billah*.

Terang, ngamansukhkeun atanapi ngarobah ayat-ayat Alquran teh mustahil. Ana hal eta mustahil, atuh tangtos Nabi Isa bin Maryam Israili jadi imam umat Islam oge mustahil.

f. Dina Hadits disebatkeun مِنْكُمْ ***minkum***, ti maraneh.

Maksadna, Nabi Isa bin Maryam nu bakal sumping di ahir zaman teh ti umat Islam. Tangtosna ge salahsaurang ti umat Islam.

Ku kituna, terang sanes Nabi Isa[a.s.] nabina urang Keristen.

Cindekna, anggapan majar Nabi Isa Israili masih keneh hirup di langit,sarta bakal lungsur di ahir zaman jadi imam umat Islam, samasakali teu aya dasar hukumna.

Hafidz Ibnul-Qoyyim Al-Jauzi nyaurkeun dina Kitabna **Zadul Ma'ad** juz. 1 : 120, saurna:

وَاَمَّا مَا يُذْكَرُ اَنَّ عِيْسَى رُفِعَ وَهُوَ ابْنُ ثَلَاثٍ وَثَلَاثِيْنَ سَنَةً لَا يُعْرَفُ بِهِ اَثَارٌ يَجِبُ الْمَصِيْرُ اِلَيْهِ

***Wa ammã mã yudzkaru anna 'Ĩsã rufi'a wahuwabnu tsalãtsĩn wa tsalãtsĩna sanatan la yu'rofu bihĩ atsãrun yajibul-mashĩru ilaihi.* (Zadul Ma'ad juz. 1 : 120)**

*"Dongengan nu nyebutkeun majar Nabi Isa naek ka langit dina yuswa 33 taun, lain percayaeun."*

Ngeunaan hal ieu, diterangkeun dina Kitab *Fatahul-Bayan* juz 49 : 2 kieu:

قَالَ الثَّنُيُّ وَهُوَ كَمَا قَالَ فَإِنَّ ذٰلِكَ اِنَّنِى يُرَاعَنِى النَّصٰرٰى

***Qola-ts-Tsanuyu wahuwa kama qola, fa inna dzalika in nania yuro 'ani-n-Nashoro.*(Kitab *Fathul-Bayan* juz 49:2)**

*"Bener pisan sakumaha caritaan Ibnul-Qoyyim, karana dongengan kitu teh enya-enyana mah sulundupan ti urang Nasrani."*

# Nabi Isa Israili Parantos Pupus

Kanggo ngiatan alesan-alesan nu parantos kapidangkeun, sumangga kasanggakeun alesan-alesan wuwuhna, tina dalil-dalil Quran sareng oge Hadits-hadits.

**A. NUMUTKEUN QURAN:**

1. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَمَا مُحَمَّدٌ إِلَّا رَسُوْلٌ ۚ قَدْ خَلَتْ مِنْ قَبْلِهِ الرُّسُلُ ۚ اَفَائِنْ مَّاتَ
اَوْ قُتِلَ انْقَلَبْتُمْ عَلٰٓى اَعْقَابِكُمْ ۗ وَمَنْ يَّنْقَلِبْ عَلٰى عَقِبَيْهِ
فَلَنْ يَّضُرَّ اللّٰهَ شَيْئًا ۗ وَسَيَجْزِى اللّٰهُ الشّٰكِرِيْنَ

***Wa mã Muhammadun illã Rosũlun, qod kholat min qoblihir-rusulu, a-fa-in mãta ao qutilanqolabtum 'alã 'a'qõbikum; wa man yanqolib 'alã aqibaehi fa lan yadhurrollõha syai-an wa sayajzillãhusy-syãkirin. (Ali Imron: 145).***

*"Muhammad teh taya lian anging Rasul, geus taruluy Rasul-rasul samemehna; naha lamun inyana wafat, atawa binasa ku nu maehan, maraneh arek murtad? Singsaha anu murtad, samasakali moal matak jadi halangan ka Allah saeutik oge, jeung Allah baris maparin ganjaran ka singsaha anu syukur ka Allah."*

Ayat ieu netelakeun ka urang, yen Nabi Isa[a.s.] parantos pupus.

Memang aya anu masih nyebatkeun, yen ayat eta teh teu acan tiasa dianggo dalil kana pupusna Nabi Isa, da saurna kecap خَلَا ***khola*** mah hartosna sanes wafat, nanging tuluy.

Kanggo nu kagungan anggapan kitu, sumangga tingali kitab kamus:

خَلَا الرَّجُلُ اَيْ مَاتَ

***Khola-r-rojulu ae mãta.*** (***Aqrobul-Mawarid***).

"Khola hiji lalaki hartina maot."

خَلَا فُلَانٌ اَيْ مَاتَ

***Khola fulãnun ae mãta.*** (***Tajul-Urus***).

"Khola Ki Anu hartina maot."

قَدْ خَلَتْ مِنْ قَبْلِهِ الرُّسُلُ بِالْمَوْتِ اَوِالْقَتْلِ

***Qod kholat min qoblihirrusul bil-maoti awil-qotli.*** (***Jamiatul- Bayan 2 : 61***).

*"Geus tuluy Rasul-rasul samemehna, boh ku maot biasa, boh ku lantaran dipaehan."*

Ku margi kecap jama' اَلرُّسُلُ ***arrusulu*** dina *Ali-Imron*: 145 diseratna nganggo اَلْ ***al***, anu hartosna nuduhkeun jumlah sadayana, tegesna teu aya nu diiwalkeun, terang yen sadayana Rasul-rasul nu saheulaeun Nabi Muhammad[S.a.w.] sadayana parantos parupus.

Tangtos kalebet oge Nabi Isa[a.s.] Boh lantaran maot biasa, boh (aya nu) ku lantaran ditelasan.

Malah dina *QURAN DAN TERJEMAHNYA* kaluaran Dept. Agama R.I., kaluaran taun 1965 kaca 99 ngeunaan ayat eta (*Ali-Imron: 144*) aya catetan nomer 234, anu kieu unggelna:

> "Maksudnya, Nabi Muhammad[S.a.w.] ialah seorang manusia yang diangkat Allah menjadi Rasul. Rasul-rasul sebelumnya

telah wafat. Ada yang wafat karena terbunuh, ada pula yang karena sakit biasa."

Terang, pamendak ieu sapagodos sareng Dapartemen Agama R.I. (Menteri Agama: Bapa Saifuddin Zuchri).

Sanes sapagodos sareng Bapa Mentri Agama wungkul, nanging oge sareng pamendak rengrengan Panitia Penterjemah anu langsung ngagarapna, nu langsung kagungan karya, nu seueurna aya 14 urang tokoh-tokoh Islam sareng ahli basa, nu disesepuhan ku Prof. R.H.A. Sunaryo S.H. Rengrengan anggotana:

1. Prof. T.M. Hasbi Ash-Shiddiqy.
2. Prof. Muchtar Yahya.
3. Prof. K. H. Anwar Musaddad.
4. K. H. Ali Maksum.
5. Dr. A. Mukti Ali (ayeuna Prof.).
6. Prof. H. Bustomi Abdulgani.
7. Prof. H. Toha Yahya Qmar.
8. H. Masuddin Noor.
9. Gazali Taib.
10. Drs. Asrul Sani.
11. Drs. Kamal Muchtar.
12. Drs. Busyairi Majdy.
13. S. Siswopranoto.

Nalika Rasulullah[S.a.w.] wafat, 'Umar[r.a.] nu teu kinten micintana ka Nabi Muhammad[S.a.w.] teu percanteneun yen Rasulullah[S.a.w.] wafat.

Anjeunna ngalejeg bari ngancam: *"Singsaha nu kumawani nyebutkeun Rasulullah[S.a.w.] wafat, dipaehan!"*

Sadaya nu ngadarangu pada-pada gigis.

Nanging sumping Abubakar[r.a.], lajeng ngadeg sasauran: *"Saha-saha anu nyembah ka Muhammad, saenyana Muhammad geus*

*pupus. Tapi saha-saha nu nyembah ka Allah, saenyana Allah mah hirup, moal wafat".*

Disambung ku:

***"Qõlallõhu ta'ãla: Wa mã Muhammadun illã Rosũlun, qod kholat min qoblihir-rusulu . . . . . . ."***

Ngadangu kasauran Abubakar[r.a.] kitu, 'Umar[r.a.] ngarumpuyuk, nangis.

Kitu deui sahabat-sahabat nu sanesna sadaya pada ngaheruk. Terang, parasahabat sadaya ijma, pada karagungan anggapan, yen eta ayat nu disaurkeun ku Abubakar[r.a.] teh nerangkeun sadaya para Rasul samemeh Nabi Muhammad[S.a.w.] parantos wafat (tangtos kalebet oge Nabi Isa[a.s.]). Ku margi kitu, wajar bae Nabi Muhammad[S.a.w.] oge pupus.

2. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَاِذْ قَالَ اللّٰهُ يٰعِيْسَى ابْنَ مَرْيَمَ ءَاَنْتَ قُلْتَ لِلنَّاسِ اتَّخِذُوْنِيْ
وَاُمِّيَ اِلٰهَيْنِ مِنْ دُوْنِ اللّٰهِ قَالَ سُبْحٰنَكَ مَا يَكُوْنُ لِيْٓ اَنْ اَقُوْلَ
مَا لَيْسَ لِيْ بِحَقٍّ اِنْ كُنْتُ قُلْتُهٗ فَقَدْ عَلِمْتَهٗ تَعْلَمُ مَا فِيْ نَفْسِيْ
وَلَآ اَعْلَمُ مَا فِيْ نَفْسِكَ اِنَّكَ اَنْتَ عَلَّامُ الْغُيُوْبِ ۝ مَا قُلْتُ لَهُمْ
اِلَّا مَآ اَمَرْتَنِيْ بِهٖٓ اَنِ اعْبُدُوا اللّٰهَ رَبِّيْ وَرَبَّكُمْ وَكُنْتُ عَلَيْهِمْ
شَهِيْدًا مَّا دُمْتُ فِيْهِمْ فَلَمَّا تَوَفَّيْتَنِيْ كُنْتَ اَنْتَ الرَّقِيْبَ عَلَيْهِمْ
وَاَنْتَ عَلٰى كُلِّ شَيْءٍ شَهِيْدٌ

***Wa idz qõlallõhu yã 'Ĩsabna Maryama a-anta qulta linnãsi-ttakhidzũni wa ummiya ilãhaeni min***

***dũnillãhi? Qõla: Subhãnaka, mã yakũnu lĩ an-aqũla mã laesa lĩ bihaqqin, in qultu qultuhũ faqod 'alimtahũ, ta'lamu mã fĩ nafsĩ, wa lã a'lamu mã fĩ nafsika, innaka anta 'allãmul-ghuyũbi.***
***Mã qultu lahum illã mã amartanĩ bihĩ ani'budullõha robbĩ wa robbakum, wa kuntu 'alaihim syahĩdan-m-mã dumtu fĩhim; falammã tawaffaetanĩ kunta anta-r-roqĩba 'alai-him, wa anta 'alã kuili syae-in syahĩd.* (Al-Maidah: 117-118).**

*"Jeung sing inget waktu Allah ngadawuh: He Isa bin Maryam, naha hidep ngajarkeun ka manusa: jadikeun kaula jeung indung kaula dua Pangeran salian Allah ? Jawab Isa: Maha Suci Gusti, jisim abdi teu rumaos ngajarkeun nu teu leres; upami jisim abdi ngajarkeun kitu, tangtos kauninga ku Gusti; Gusti maha uninga kana naon-naon nu aya di jisim abdi, sawangsulna jisim abdi mah teu terang kana kaayaan Gusti; sayaktosna Gusti mah maha uninga ka nu gaib-gaib."*
*"Jisim abdi henteu ngajarkeun naon-naon ka maranehanana, kajabi nu diparentahkeun ku Gusti, nya eta sembah ku maraneh Allah, Pangeran kaula jeung Pangeran maraneh; jisim abdi jadi saksi (kana bebeneran maranehanana) satungtung jisim abdi hirup sasarengan sareng maranehanana; nanging saparantos jisim abdi diwafatkeun mah ku Gusti, Gusti ku Anjeun anu jadi saksi maranehanana, sareng Gusti mah saksi tina sagala perkara."*

Moal samata-mata Allah mariksa ka Nabi Isa tina hal enya henteuna ngajarkeun ka manusa tina perkawis nganggap Pangeran ka Nabi Isa sareng ka ibuna.

Anging tangtos ku margi parantos kauninga ku Allah[S.w.t.], yen umat Nabi Isa[a.s.] nganggap Pangeran ka Nabi Isa[a.s.] sareng ka ibuna.

Hal ieu tiasa kauninga tina ayat ieu:

لَقَدْ كَفَرَ الَّذِيْنَ قَالُوْٓا اِنَّ اللّٰهَ هُوَ الْمَسِيْحُ ابْنُ مَرْيَمَ ۗ قُلْ فَمَنْ يَّمْلِكُ مِنَ اللّٰهِ شَيْـًٔا اِنْ اَرَادَ اَنْ يُّهْلِكَ الْمَسِيْحَ ابْنَ مَرْيَمَ وَاُمَّهٗ

***Laqod kafarolladzīna qōlũ innallōha huwal-Masīhubnu Maryama; qul faman yamliku minallōhi syai-an in arōda an yuhlikal- Masīhabna Maryama wa ummahũ… (Al-Maidah: 18).***

*"Saenyana geus kafir jalma-jalma nu nyarebutkeun Allah ka Isa bin Maryam. Caritakeun saha nu bisa ngahalangan kana pangersa Allah, lamun tea mah Anjeunna ngersakeun ngabinasa Isa bin Maryam jeung ibuna."*

Padahal Nabi Isa[a.s.] mah samasakali henteu ngajarkeun kitu, sakumaha nu kaunggel dina Surah *Al-Maidah*: 118.

Kanyataan umat Nabi Isa[a.s.] nganggap Pangeran ka Nabi Isa[a.s.] sareng ka ibuna, kiwari kasaksian ku urang.

Sedeng saur Nabi Isa[a.s.], satungtung anjeunna jumeneng mah, umat anjeunna tetep nyembah Allah, henteu nganggap Pangeran ka anjeunna sareng ka ibuna.

Ku margi kitu, tiasana kajadian umat anjeunna nganggap Pangeran ka Nabi Isa[a.s.] sareng ka ibuna teh tangtos saparantos Nabi Isa[a.s.] pupus.

Alhasil, upami ayeuna kanyataan umat Nabi Isa[a.s.] parantos nganggap Pangeran ka Nabi Isa[a.s.] sareng ka ibuna, jelas Nabi Isa[a.s.] parantos pupus.

Aya nu nyebatkeun, saurna kecap تَوَفِّيْ ***tawaffa*** dina فَلَمَّا تَوَفَّيْتَنِي ***falammã tawaffaetanĩ*** sanes dimana Gusti ***ngawafatkeun*** jisim abdi, nanging dimana Gusti parantos ***ngangkat*** jisim abdi ka langit.

Tiasa jadi nu mawi dihartoskeun kitu teh kapangaruhan ku ayat: بَل رَّفَعَهُ اللّٰهُ إِلَيۡهِ ***bal rofa-ahullõhu ilaihi***, anu ku aranjeunna dihartosan *diangkat ka langit*. Anu hal ieu parantos diterangkeun langkung ti payun, yen dihartosan kitu teh henteu leres. تَوَفِّيْ ***Tawaffa*** henteu tiasa dihartosan diangkat ka langit.

Tingali bae Surah *Ali-Imron*: 194 lebah:

رَبَّنَا فَاغۡفِرۡ لَنَا ذُنُوۡبَنَا وَكَفِّرۡ عَنَّا سَيِّئَاتِنَا وَتَوَفَّنَا مَعَ الۡاَبۡرَارِ

***Robbanã faghfir lanã dzunũbanã, wa kaffir 'annã sayyiãtinã, wa tawaffanã ma'al-abrõr.***

*"Nun Gusti, mugi Gusti ngahapunten dosa-dosa abdi, sareng mugi Gusti ngaleungitkeun sagala kaawonan jisim abdi, sareng mugi Gusti ngawafatkeun jisim abdi dina kaayaan bakti ka Gusti."*

Ku emutan asa moal aya anu baris ngahartoskeun ***wa tawaffa nã maal-abrõr***, ku hartos mugi Gusti ngangkat jisim abdi ka langit.

Terang, hartos تَوَفِّيْ ***tawaffa*** teh nya eta *ngawafatkeun*.

Dina Surah *Az-Zumar*: 43 kunggel:

اَللّٰهُ يَتَوَفَّى الۡاَنۡفُسَ حِيۡنَ مَوۡتِهَا وَالَّتِىۡ لَمۡ تَمُتۡ فِىۡ مَنَامِهَا

فَيُمْسِكُ الَّتِى قَضٰى عَلَيْهَا الْمَوْتَ وَيُرْسِلُ الْاُخْرٰىٓ اِلٰٓى اَجَلٍ مُّسَمًّى ؕ اِنَّ فِىْ ذٰلِكَ لَاٰيٰتٍ لِّقَوْمٍ يَّتَفَكَّرُوْنَ

***Allõhu yatawaffal-anfusa hĩna maotihã, wallatĩ lam tamut fĩ manãmihã; fayumsikullatĩ qodõ 'alaihal-maota, wa yursilul ukhrõ ilã ajalin musammã . . . . . . .***

*"Allah nyabut (nyandak) roh waktu (manusa) maot, jeung nyabut roh waktu (manusa) sare; roh nu dicandak ti nu maot henteu dipulangkeun deui, ari roh nu dicandak ti nu sare mah dipulangkeun deui (dimana lilir), nepi ka waktu nu ditangtukeun……… (nepi ka mangsa manehna dimaotkeun)."*

Ayat ieu eces netelakeun ka urang, yen kecap تَوَفّٰى ***tawaffã*** teh hartosna *nyandak roh*.

Boh waktos maot, boh waktos sare.

Roh nu dicandak nu baris dipulangkeun deui (ti nu sare) sok dicirian ku kalimah فِيْ مَنَامِهَا ***fĩ manãmihã***, atanapi فِي الْمَنَامِ ***fil-manami***. (Nya eta di sebatkeun dina waktos sare).

Tawaffa anu henteu nganggo katerangan فِي الْمَنَامِ ***fil-manãmi***, atanapi فِيْ مَنَامِهَا ***fĩ manãmihã***, salamina dina hartos *maot* (wafat) .

تَوَفّٰى ***Tawaffã*** dina Surah *Ali-Imron* 194 sareng dina Surah *Al-Maidah* 118, henteu nganggo katerangan فِي الْمَنَامِ ***fil-manãmi*** atanapi فِيْ مَنَامِهَا ***fĩ manãmihã***.

Ku margi kitu, terang تَوَفّٰى ***Tawaffã*** teh hartosna *wafat* (maot). تَوَفّٰى ***Tawaffã*** tina bab تَفَعُّلْ *tafa'ul*, anu فَاعِلْ *fa'il*-na (pelakuna) Allah, مَفعُوْل *maf'ul*-na (nu dipigawena)

***dzir rũh*** (nu ngagaduhan roh), salamina hartosna *nyandak roh* قَبْضَ الرُّوْحَ (***qobdor rũh***).

3. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

اِذْ قَالَ اللّٰهُ يٰعِيْسٰىٓ اِنِّيْ مُتَوَفِّيْكَ وَرَافِعُكَ اِلَيَّ وَمُطَهِّرُكَ مِنَ الَّذِيْنَ كَفَرُوْا

***Idz qõlallohu yã 'Ĩsa innĩ mutawaffĩka wa rõfi'uka ilayya, wa muthokhiruka minalladzĩna kafarũ . . . . (Ali-Imron:56).***

*"Ingetkeun waktu Allah ngadawuh : He Isa, saenyana Kami nu ngawafatkeun hidep, jeung Kami ngangkat hidep ka Kami, jeung Kami ngaberesihkeun hidep ti jalma-jalma nu kafir . . . "*

Dina ayat ieu terang, kecap تَوَفّٰى ***tawaffa*** dina مُتَوَفِّيكَ ***mutawaffika*** hartosna *wafat* (maot).

Margi ngeunaan diangkatna mah diutarakeun ku kecap رَافِعُكَ ***rofi'uka***.

Terang, teu leres nu ngahartosan تَوَفّٰى ***tawaffa*** ku hartos naek ka langit.
Upami kitu, panginten Surah *Ali-Imron*: 56 teh kedah dihartosan:

*"He Isa, Kami nu ngangkat hidep, jeung Kami nu ngangkat hidep".*

Bawiraos cukup tetela kanggo nu leres-leres palay ngartos.
Ayat ieu parantos dijentrekeun tipayun, yen sami netelakeun Nabi Isa[a.s.] parantos wafat.
Upami keukeuh teu ngangken parantos wafat, di mana atuh ayana?

Margi terang di langit mah moal aya. Da paling diangkat ka langit oge (upamina), kedah saparantos diwafatkeun.
Upami keukeuh nyebatkeun aya di langit, paling-paling layonna.

**B.NUMUTKEUN HADITS.**

1. Dina *Rowahut-Tabroniyyu wal-Hakim*, dina *Kanzul-Umal,* sareng dina *Hujajul-Karomah*, (sapertos nu diterangkeun langkung tipayun), anu dicarioskeun ku Aisyah[r.a.], Rasulullah[S.a.w.] ngadawuhkeun:

وَاَخْبَرَنِىْ اَنَّ عِيْسَى ابْنَ مَرْيَمَ عَاشَ عِشْرِيْنَ وَمِأَةِ سَنَةٍ

***Wa akhbaronî anna 'Îsabna Maryama 'âsya 'isyrîna wami-ati sanatin.* (*Kanzul-Umal,Hujajul Karomah*)**

*"Jibril ngawartosan, yuswa Nabi Isa 120 taun."*

Padahal ti Nabi Isa[a.s.] dugi ka Nabi Muhammad[S.a.w.] ngadawuhkeun Hadits eta teh lamina 633 taun.
Upami tea mah harita Nabi Isa[a.s.] jumeneng keneh, moal di dawuhkeun yuswana 120 taun nanging 633 taun.
Ku didawuhkeun yuswa Nabi Isa[a.s.] 120 taun, tangtos parantos pupus dina yuswa 120 taun, atanapi dina taun 120 Masehi.

2. Dina Kitab *Shohih Mawahibul-laduniyah* juz 72 : 6, kitu deui dina Kitab *Alyawaqit wal-Jawahir* 24, dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

لَوْ كَانَ مُوْسٰى وَعِيْسٰى حَيَّيْنِ لَمَا وَسِعَهُمَا اِلَّا اتِّبَاعِىْ

***Lao kãna Mũsa wa 'Îsa hayyaeni lamã wa si'ahumã illa-t-tibã'i.* (Kitab *Shohih Mawahibul-laduniyah* juz 72 : 6, Kitab *Alyawaqit wal-Jawahir* 24)**

*"Upama tea mah Musa jeung Isa duanana harirup keneh, pasti duanana bakal nuturkeun (jadi umat) kaula."*

Moal Rasulullah[S.a.w.] ngadawuhkeun kitu, upami harita Nabi Musa sareng Nabi Isa duanana jarumeneng keneh. Terang, Nabi Musa[a.s.] sareng Nabi Isa[a.s.] oge parantos parupus.

Kawuwuh dibuktikeun ku kanyataan, Nabi Musa[a.s.] sareng Nabi Isa[a.s.], dugi ka pupus Rasulullah[S.a.w.] teu kacarios nuturkeun jadi umat anjeunna[S.a.w].

Mana kitu oge tetela parantos parupus.

3. Dina *Bukhori* bab Tansu kubur kaunggel dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

لَعَنَ اللّٰهُ الْيَهُوْدَ وَالنَّصٰرٰى اتَّخَذُوْا قُبُوْرَ اَنْبِيَاءِهِمْ مَسَاجِدًا

***La'nallõhul-Yahũda wa-n-Nashõro-t-takhodzũ qubũro anbiyã- i-him masãjidan.* (*Bukhori* bab Tansu kubur)**

*"Dila'nat ku Allah, Yahudi jeung Nasrani, lantaran maranehanana sok nyarembah kuburan nabi-nabi maranehanana."*

Nabi urang Yahudi, nya eta Nabi Musa[a.s.]

Nabi urang Nasrani, nya eta Nabi Isa[a.s.]

Upami Rasulullah[S.a.w.] ngadawuhkeun parantos aya kuburanana, anu sok diparuja ku umat panganutna, terang Nabi Musa a.s. sareng Nabi Isa[a.s.] teh parantos pupus.

Memang pupusna Nabi Isa[a.s.] sanes di Palestina.

Parantos diterangkeun, sabada disalib anjeunna lolos ka tatar wetan, ahirna anjog ka Kasmir, lajeng tumetep, dugi

ka pupusna di Kasmir.

Kuburna aya di Kanyar, di Srinagar.

Katerangan lolosna, kaunggel dina sababaraha Kitab.

Dina Kitab *Tarikh Uzma*: 82 kaunggel:

*Hiji kuburan deukeut kuburan Sayyid Nasiruddin, ngaranna kuburan nabi.*
*Eta nabi sumping ti nagara asing.*
*Waktu jumenengna kamashur tina hal katakwaanana sareng leket ibadahna.*
*Anjeunna tableg ka urang Kasmir.*
*Jenenganana Yus Asaf.*

Seueur ahli kasyaf, sumawonten guru sim kuring mah, sering ningali berkat-berkat nubuat nu kaluar ti eta ku buran.

Dina Kitab *Ikmaluddin*, (nu diserat 1000 taun kapengker), dina kaca 359 kaunggel kieu:

*Nabi Yus Asaf parantos seueur ngajajah pirang-pirang nagara, ahirna nepi ka Kasmir, sarta tuluy matuh dugi ka pupusna.*

*Samemeh pupus, anjeunna ngawejang muridna, Yabid, saurna: Kami tereh maot, tereh mulang ka alam baka. Jaga sagala kawajiban hidep.*

*Omat ulah tisoledat tina jalan hak, jeung ulah mopohokeun ibadah.*

*Anjeunna miwarang ka muridna ngadamel wawangunan luhureun kuburan anjeunna.*

*Saparantos sasahat, anjeunna ebog, mastakana beulah kulon, rarayna mayun ka wetan. Lajeng pupus.*

Mr. Docker, hakim di Sydney nyerat:

*Saenggeusna Almasih ngaraos teu aman calik di Galilea, lajeng jengkar, nepangan seler-seler bani Israil di tatar wetan, ngalangkung Damaskus. Di dinya anjeunna nablegan Ananias*

*miwah nu sanes-sanesna, dugi ka iman. Pamarentah Yahudi ngirimkeun pasukan tentara ngudag Almasih. Almasih malah ngahaja nepangan tentara nu bade nangkep anjeunna, sapertos halna Ilyas nepangan Saul.*

*Ahirna pasukan tentara nu bade nangkep teh jadi iman. Almasih angkat deui, ngantunkeun Damaskus, teras ngetan ngalangkung Babylon.*

Yohannes Weiss nyerat dina bukuna *Paul and Yesus* kaca 31, kieu:

*Loba anu nyaritakeun, yen katerangan Lukas nu nyebutkeun Almasih naek ka langit, teu bener.*
*Carita tina hal Almasih naek ka langit, mangrupa carita tambahan, carita kadieunakeun.*
*Matius teu nyaritakeun Almasih naek ka langit.*
*Yohannes oge henteu.*
*Eta sababna, nu matak carita Almasih naek ka langit teh carita tambahan.*
*Loba nu nyebutkeun, nu nambahan teh Erestine.*

Dina *Kanzul-Umal* juz 2 : 34, kaunggel:

اَوْحَى اللهُ تَعَالٰى اِلٰى عِيْسٰى اَنْ يَا عِيْسٰى اِنْتَقِلْ مِنْ مَكَانٍ لِئَلَّا تُعْرَفُ فَتَوَذّٰى

*Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]: Allah ngawahyukeun ka Isa bin Maryam: Hidep kudu pindah ti dieu ka nu jauh, supaya jalma-jalma teu nyarahoeun tempat hidep, jeung supaya maranehanana henteu ngaganggu ka hidep.*

Dina *Riwayat Jabar* juz 2 : 71 kaunggel:

كَانَ عِيْسَى ابْنُ مَرْيَمَ يَسِيْحُ فَاِذَا اَمْسٰى اَكَلَ بِكُلِّ الصَّحْرَاءِ وَيَشْرِبُ الْمَاءَ الْقُرَاحُ

> *Almasih terus leumpang ngalalana. Mun peuting anjeunna liren. Nu dituang dangdaunan sakapendakna di leuweung. Ngaleueutna cai herang.*

Dina Kitab *Raudatussaffa*, kitab tarikh basa Persi, kaca 130- 135 kaunggel:

> *Almasih salawasna angkat ti hiji tempat ka tempat sejen. Tipeuting anjeunna kulem di tempat anjeunna kapeutingan. Angkatna badarat, tara tutunggangan.*

Dina Kitab *Abdullah Ibnu Umar* juz 6 : 51, kaunggel:

قَالَ اَحَبُّ شَيْءٍ اِلَى اللهِ الْغُرَبَاءُ قِيْلَ اَيُّ شَيْءٍ الْغُرَبَاءِ قَالَ
الَّذِيْنَ يَفِرُّوْنَ بِدِيْنِهِمْ وَيَجْتَمِعُوْنَ اِلَى عِيْسَى ابْنِ مَرْيَمَ

> *Dawuhan Rasulullah*[S.a.w.] *: "Allah micinta ka jalma gharib".*
> *Aya nu tumaros: "Naon hartosna gharib ?"*
> *Waler Rasulullah*[S.a.w.] *: "Nu minggat mawa agama, cara Isa bin Maryam".*

# Nu Parantos Pupus Moal Dihirupkeun Deui Ka Dunya

Hukum ngeunaan hal ieu kaunggel dina Alquran Surah *Al-Anbiya* : 96 kieu:

وَحَرَامٌ عَلٰى قَرْيَةٍ اَهْلَكْنٰهَآ اَنَّهُمْ لَا يَرْجِعُوْنَ

***Wa harõmun 'alã qoryatin ahlaknãha, annahum lã yarji'ũn* (*Al- Anbiya : 96*)**

*"Teu bisa jadi pangeusi hiji nagara nu ku Kami geus dibinasakeun, memang sabener-benerna maranehanana moal dihirupkeun deui ka dunya."*

Dina Surah *Ya-Sin* : 32 kaunggel:

اَلَمْ يَرَوْا كَمْ اَهْلَكْنَا قَبْلَهُمْ مِّنَ الْقُرُوْنِ اَنَّهُمْ اِلَيْهِم لَا يَرْجِعُوْنَ

***Alam yarao kam ahlaknã qoblahum minal-qurũni, annahum ilaihim lã yarji'ũn.* (*Ya-Sin : 32*)**

*"Naha henteu dititenan, pirang-pirang umat samemeh maraneh anu ku Kami geus dibinasakeun, maranehna (nu geus dibinasakeun) moal baralik deui ka maranehanana (di dunya)?"*

Dina Surah *An-Nahl* : 39 kaunggel:

لَا يَبْعَثُ اللّٰهُ مَنْ يَّمُوْتُ

**Lũ yab'atsullõhu man yamũt. (An-Nahl : 39)**

*"Allah moal ngahirupkeun deui (di dunya) sakur nu geus maot."*

Dina Torat Kitab *Samuel* yang kedua 12 : 22-23 kaunggel:

> "Maka titah baginda: "Adapun aku berpuasa dan menangis pada masa anak-anak itu lagi hidup, yaitu sebab kataku: Siapa tahu, barangkali Tuhan hendak mengasihani akan daku, serta menghidupi anak-anak itu."
> "Tetapi sekarang anak-anak itu sudah mati, apa guna aku berpuasa lagi? Dapatkah aku mengambil dia pula? Sesungguhnya aku akan pergi mendapatkan dia, tetapi tiada ia akan kembali kepadaku."

Dina Kitab *Ayub* 7: 8-10 kaunggel

> "Barangsiapa yang sudah melihat aku, ia itu tiada memandang aku pula; matamu akan mencahari aku, tetapi aku tiada lagi."
> "Seperti awan yang lenyap dan melayang-layang, demikian turunlah manusia ke dalam alam barzakh, dan tiada ia naik pula dari dalamnya."
> "Tiada ia balik kembali kepada rumahnya, dan tempat kedudukannyapun tiada mengenai akan dia pula."

Dina Injil *Lukas* 20 : 36 kaunggel:

> "Karena tiada mereka itu dapat mati balik lagi."

Dumasar kana alesan-alesan hukum-hukum nu parantos kapidangkeun, Nabi Isa[a.s.] nu parantos wafat, pasti moal hirup deui ka dunya.

# Pangakuan
# Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad

Dina *Domimah Haqiqatul Wahyi* kaca 64:

وَوَاللّٰهِ اَنِّیْ اَنَا الْمَسِیْحُ الْمَوْعُوْدُ الَّذِیْ وُعِدَ مَجِیْئُهُ فِیْ اٰخِرِ الزَّمَانِ وَاَیَّامِ شُیُوْعِ الضَّلَالَةِ

***Wawallõhi annĩ anal masĩhul-Mau'ũdu alladzĩ wu'ida majĩ-u-hu fĩ ãkhiri-z-zamãni wa ayyãmi syuyũidh-dholalah.* (Domimah Haqiqatul Wahi kaca 64)**

*"Jeung demi Allah ! Saenyana nya kaula Almasih Mau'ud nu dijangjikeun datangna di ahir zaman jeung dina waktu nerekabna kasasaran."*

Dina *Khutbah Ilhamiyah* kaca 112:

وَاَنَا الْمَسِیْحُ الْمَوْعُوْدُ الَّذِیْ قُدِّرَ مَجِیْئُهُ مِنْ اٰخِرِ الزَّمَانِ مِنَ الْحَکِیْمِ الدَّیَّانِ

***Wa anal-Masĩhul-Mau'ũdu alladzĩ quddiro majĩ-u-hũ min ãkhiri-z-zamãni minal-hakĩmi-d-dayyãn.* (Khutbah Ilhamiyah kaca 112)**

*"Nya kaula Masih Mau'ud nu geus dijangjikeun datangna di ahir zaman ti Allah nu wijaksana tur kawasa."*

Dina *Khutbah Ilhamiyah* kaca 55:

تَعْلَمُوْا اَنِّيْ اَنَا الْمَسِيْحُ الْمَوْعُوْدُ وَالْمَهْدِيُّ الْمَسْعُوْدُ مِنَ اللّٰهِ الْاَخْفٰى واُرْسِلْتُ عِنْدَ صَوْلِ الصَّلْبِ وَكَوْنِ الْاِسْلَامِ كَالغَرِيْبِ

***Ta'lamu anna anal-Masihul-Mau'udu wal-Mahdiyyul-mas-'udu minallohil-akhfa wa ursiltu 'inda shaolish-sholibi wa kaonil- Islami kalghorib.***
**(*Khutbah Ilhamiyah* kaca 55)**

*"Kanyahokeun ku aranjeun, yen nya ieu kaula Almasih Mau'ud jeung Mahdi nu disohorkeun, ti Allah nu teu katembong ku panon; karana kami diutus ku Allah dina mangsa Keristen ngadesek, jeung dina mangsa Islam saperti anu ngumbara di panyabaan."*

Dina *Khutbah Ilhamiyah* kaca 17:

اِنِّيْ اَحَدٌ مِّنَ الْاُمَّةِ النَّبَوِيَّةِ ثُمَّ مَعَ ذٰلِكَ سَمَّانِيَ اللّٰهُ نَبِيًّا تَحْتَ فَيْضِ النُّبُوَّةِ الْمُحَمَّدِيَّةِ، وَاُوْحِيَ اِلَيَّ مَا اُوْحِيَ

***Innĩ ahadun minal-ummatin-nubawwiyati, tsumma ma'a dzãlika sammã niyallõhu nabiyyan tahta faedhin-nubuwwatil- Muhammadiyah, wa ũhiya ilayya mã ũhiya.***
**( *Khutbah Ilhamiyah* kaca 17)**

*"Saenyana kaula teh salahsaurang ti umat Nabi Muhammad, sajeroning kitu, Allah ngaleler pangkat nabi ka kaula dina handapeun leleberan berkah Nabi Muhammad[S.a.w.], sarta Allah maparin wahyu sakur nu diwahyukeun ka kaula."*

# Batu Ujian

Kanggo ngayakinkeun leres-henteuna Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.] ngeunaan da'wana, urang tiasa nguji ku rupi-rupi batu ujian:

1. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

a. يٰحَسْرَةً عَلَى الْعِبَادِ مَا يَأْتِيْهِمْ مِّنْ رَّسُوْلٍ اِلَّا كَانُوْا بِهٖ يَسْتَهْزِءُوْنَ

***Yã hasrotan 'alal-'ibãdi mã ya'tĩhim min rosũlin, illã kãnũ bihĩ yastahzi-ũn.* (*Yasin:* 31).**

*"Matak hanjakal ku manusa, unggal datang Rasul Allah, salawasna ku manusa sok digareuhgeuykeun."*

b. وَمَا يَأْتِيْهِمْ مِّنْ نَّبِيٍّ اِلَّا كَانُوْا بِهٖ يَسْتَهْزِءُوْنَ

***Wa mã ya'tĩhim min nabiyyin, illã kãnũ bihĩ yastahzi-ũn.* (*Az-Zukhruf:* 8).**

*"Unggal-unggal datang Nabi, salawasna ku manusa sok digareuhgeuykeun (dihinakeun)."*

Sadaya Rasul, sadaya Nabi, dina alam munggaran ku manusa digareuhgeuykeun, dihina-hina, dilawan, disatru, dipimusuh. Nya kitu pisan nu kaalaman ku Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.] (miwah ku parapanganutna) oge.

Tur padahal ti pihak anjeunna (kitu deui ti pihak parapanganutna) tara ngadamel tindakan anu

ngarugelkeun, atanapi anu sipatna ngamusuh.

Mung sakadar nerangkeun bebeneran hakiki, numutkeun hukum Allah sareng Rasul.

2. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

مَا يُقَالُ لَكَ اِلَّا مَا قَدْ قِيْلَ لِلرُّسُلِ مِنْ قَبْلِكَ

***Mã yuqõlu laka, illã mã qod qĩla lir-Rusuli min qoblika.* (*Af- Fussilat:*44)**

*"Sagala omongan nu ditujulkeun ka hidep (ti jalma-jalma nu ngamusuh) teu aya bedana jeung omongan-omongan jalma-jalma (nu ngamusuh) ka Rasul-Rasul nu samemeh hidep."*

Nabi-Nabi nu samemeh Nabi Muhammad[S.a.w.], disebat tukang bohong, tukang sihir, disebat kasasar, gelo, ulon-ulon kaonaran, sareng rupi-rupi lian ti eta.
Nya kitu ka Nabi Muhammad[S.a.w.] oge.
Nya kitu ka Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.] oge. Sanajan eta ayat (jiga) husus ka Nabi Muhammad[S.a.w.], nanging ulah lali, yen sagala hukum dina Quran larap ka sarerea, ka manusa sabada anjeunna.

Margi numutkeun kaedah usul:

اَلْحُكْمُ لِلْوَاحِدِ حُكْمٌ لِلْجَمَاعَةِ

***Al-hukmu lil-wãhidi, hukmun lil-jamã'ah.***

*"Hukum keur saurang, jadi hukum keur sarerea."*

Contona:

اَقِمِ الصَّلٰوةَ لِدُلُوْكِ الشَّمْسِ

***Aqimish-sholãta lidulũkisy-syamsi...* (*Bani Israil :* 79).**

*"Hidep kudu sholat (Muhammad) waktu panonpoe menggok ngulon (lohor)."*

Naha mung Nabi Muhammad[S.a.w.] wungkul nu diparentah kedah sholat lohor teh ?
Urang mah teu kedah? Da parentahna ge ka Nabi Muhammad[S.a.w.]?

Conto kadua:

يَٰٓأَيُّهَا ٱلْمُدَّثِّرُ ۝ قُمْ فَأَنذِرْ ۝ وَرَبَّكَ فَكَبِّرْ ۝ وَثِيَابَكَ فَطَهِّرْ ۝
وَٱلرُّجْزَ فَٱهْجُرْ ۝

***Yã ayyuhal-muddatstsir! Qum, fa-andzir! Wa robbaka fakabbir! Wa siyãbaka fathohhir! Wa rujza fahjur* (*Al-Muddatstsir* : 2-6)**

*He nu disimbut ! (Muhammad), Geura hudang! bere pepeling jalma-jalma! Jeung agungkeun Pangeran hidep! Jeung beresihkeun papakean hidep!, Jeung tinggalkeun pagawean dosa!*

Eta parentah dongkapna ka Nabi Muhammad[S.a.w.]
Nu disimbut harita, Nabi Muhammad[S.a.w.]
Kecap '***ka***' dina ***robbaka*** sareng dina ***siyabaka,*** tujul ka Nabi Muhammad[S.a.w.]
Terang, eta parentah ditujulkeun ka Nabi Muhammad[S.a.w.], naha nu salian Nabi Muhammad[S.a.w.], hususna umat Nabi Muhammad , kalebet urang, bebas tina eta parentah? Teu kakurung ku eta parentah?

3. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

فَقَدْ لَبِثْتُ فِيكُمْ عُمُرًا مِّن قَبْلِهِۦٓ ۚ أَفَلَا تَعْقِلُونَ

***Faqod labitstu fikum 'umuron min qoblihi, afala ta'qilun.* (*Yunus:* 17).**

*"Kaula (Muhammad) geus heubeul hirup babarengan di lingkungan aranjeun, naha henteu dipikir?"*

Anu mawi Allah[S.w.t.] miwarang ka Nabi Muhammad[S.a.w.] nyaurkeun kitu, lantaran kaom Quraisy keukeuh teu percaya kana pangangkenan Nabi Muhammad[S.a.w.], yen jadi Nabi. Keukeuh nyebat bohong, nyebat tukang sihir, nyebat otak miring.

Maksad eta ayat:

*"Kapan kaula teh lain anyar pinanggih jeung aranjeun. Geus 40 taun kaula babarengan hirup jeung aranjeun. Aranjeun nyaraho, kaula tara bohong.*

*"Piraku dina umur 40 taun kaula ngadak-ngadak bohong. Padahal umur 40 taun teh keur kabiasaan jelema oge mangsana babalik pikir. Lamun kaula bohong, sarua bae jeung ngaruksak kapercaya-an aranjeun ka kaula anu geus sakitu lilana. Naha ku aranjeun teu dipikir?"*

Kitu maksadna eta ayat teh.

Hal sarupi kitu, tiasa dilarapkeun ka Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.]

Muhammad Husin Batalawi, nu kasebat Syamsul-Ulama, nyerat dina bukuna *Isya'atussunnah* No.6 jilid 7: 284, anu kieu pok-pokanana:

*Nepi ka mana kanyaho kuring, kana kaayaan jeung kapribadian pangarang* ***Barahin Ahmadiyah*** *(Mirza Ghulam Ahmad), nu sejen moal sabaraha terangna. Anjeuna estu putra lemah cai urang.*

*Waktu murangkalihna kungsi babarengan sapaguron sareng sim kuring. Dugi ka ayeuna ge sok masih keneh silihserat sareng silihanjangan sareng sim kuring (kaca 169).*

*Demi Allah, numutkeun anggapan sim kuring mah, sacara papada umat Islam, malah oge anggapan kaom sejen (Hindu sst),*

*memang pangarang kitab **Barahin Ahmadiyah** teh estu ngadeg bener dina tangtungan syareat Muhammad, sarta kacida salehna (kaca 248).*

*Buku **Barahin Ahmadiyah** henteu aya bangsana di kalangan Islam, nepi ka ayeuna.*

*Teuneungna pangarang eta buku langka tandingna di kalangan umat Islam dina enggoning ngabela kahormatan Islam, kalawan ngagunakeun pangorbanan: hartana, jiwana, penana, bahamna, sareng tingkah lakuna.*

*Ya Allah! Mugi Gusti langkung miasih ka anjeunna, anu sakitu soson-sosonna mukakeun pituduh ka jalma-jalma nu nuju milari Gusti.*

*Leuwih tibatan micinta dirina pribadi, leuwih tibatan micinta ibu-ramana, sareng tina sagala eusining dunya.*

*Mugi, jalma-jalma diasihkeun kana eta buku. Sareng mugi-mugi eta buku sing seueur ngaberkahan ka manusa. Sareng mugi-mugi Gusti maparin leleberanana ka si hina miskin ieu (Muhammad Husin Batalawi) ku kaberkahan sareng piwelasna Gusti sareng ku kaberkatan eta buku. Upami ieu caritaan sim kuring dianggap kaleuleuwihi, sapertos nu parantos jadi kabiasaan urang wetan, upami katimbang kitu, cobi tuduhkeun ka sim kuring hiji bae buku salian ti **Barahin Ahmadiyah**, anu wantun terang-terangan ngabantah partai Ariya Samaj sareng Brahma Samaj .*

*Sareng tuduhkeun ka sim kuring dua atanapi tilu jelema anu kanyahoan wantun tandang ngamajukeun Islam, salian ti ngagunakeun hartana, narohkeun oge jiwa-ragana, penana sareng bahamna.*

*Cobi tuduhkeun ka sim kuring, saha lalanangna anu banter ngayonan musuh-musuh Islam, ngayonan sakur nu ngabohongkeun Islam, kalawan panangtang kieu: **Sing saha nu teu percaya kana benerna agama Islam, diantos sumping, urang tukeur pikiran, supados kauninga sareng karaos.***

Kitu diantawisna anggapan sareng pujian ti syamsul-'ulama

Muhammad Husin Batalawi ka Hadhrat Mirza Ghulam[a.s.], anu saparantos Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.] ngangken Imam Mahdi sareng Al-Masih Mau'ud, lajeng malik ngamusuh. Kitu deui teu aya lepatna upami urang ngeunteung kana sikep Gupernur Syam, Hiraqlus, dina ngujina kasucian Nabi Muhammad[S.a.w.]. Hiraqlus mariksa ka Abu Sufyan (nu ngamusuh Nabi Muhammad[S.a.w.]), sakumaha nu kaunggel dina *Bukhori* juz 1 kaca 5, nu kieu cariosna:

> *"Naha aranjeun (urang Arab) nganggap ka Muhammad[S.a.w.] sok bohong, samemeh Muhammad ngangken jadi Nabi?*
>
> *Jawab Abu Sufyan: Henteu.*
>
> *Hiraqlus seep-seep naroskeun riwayat hirup Nabi Muhammad[S.a.w.], samemeh ngangken jadi Nabi.*
>
> *Ahirna anjeunna nyaurkeun (*Bukhari *juz 1 kaca 5 jajaran 11 ti luhur) Lamun bener sakumaha carita aranjeun, pasti Muhammad bakal ngawasa tempat nu dicicingan ku kuring ayeuna (Syam).*
>
> *Kuring nyaho, anjeunna bakal sumping (nurutkeun Bible).*
>
> *Ngan kuring teu nyangka baris kaluar ti bangsa aranjeun. Lamun aya jalan keur kuring, kuring hayang nepangan ka anjeunna. Jeung lamun kuring deukeut ka anjeunna, tangtu kuring ngawasuh sampeanana".*

4. Dina Kitab *Fatwa Ibni Thaimiyah* juz 5 : 79 sareng dina *Syarah Aqoid Asfahaniyah*, kaunggel kieu:

> *"Acan aya saurang oge anu ngaku jadi nabi, padahal bohong, anu henteu kaboker kabohonganana, kabodoanana, kajahatanana, jeung napsu kasetananana, sanajan teu enya-enya dititenanana."*
>
> *"Sabalikna, sakur nu ngaku jadi nabi, tur bener, sok katembong kalawan gampang: kaluhuran elmuna, bebeneranana, kawijaksanaanana, jeung rupa-rupa kahadean sejenna."*

Dina Kitab *Nujumul-Hidayah* : 6 kaunggel:

*"Demi sakabeh nabi, eta ma'sum dina mongmongan Allah. Ti murangkalihna keneh nepi ka pupusna moal kapanjingan ku sifat-sifat kajahatan jeung ku ka'aeban."*

Tina tilu buku eta, netelakeun ka urang, boh nu bade narima, boh nu bade nolak, diwajibkeun nalungtik heula kaayaan samemehna ngangken jadi nabi.

Ngeunaan Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.], kantun ningali bae pamendak Muhammad Husin Batalawi.

5. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

a. وَلَقَدْ سَبَقَتْ كَلِمَتُنَا لِعِبَادِنَا الْمُرْسَلِيْنَ ۝ اِنَّهُمْ لَهُمُ الْمَنْصُوْرُوْنَ ۝ وَاِنَّ جُنْدَنَا لَهُمُ الْغٰلِبُوْنَ ۝

**Wa laqod sabaqot kalimatunã li-'ibãdinalmursalĩn. Innahum lahumul-manshũrũn. Wa inna jundanã lahumul-ghõlibũn. (As-Shoffat : 172-174).**

*"Jeung saenyana geus tetep jangji Kami ka abdi-abdi Kami nu jadi Rasul-Rasul. Saenyana maranehanana (Rasul-Rasul) pasti meunang pertulungan."*
*"Jeung saenyana tentara Kami (Rasul-Rasul jeung umatna) pasti unggul."*

b. كَتَبَ اللّٰهُ لَاَغْلِبَنَّ اَنَاْ وَرُسُلِيْ

**Kataballõhu la-aghlibanna anã wa rusulĩ. (Al-Mujadalah: 22).**

*"Allah geus netepkeun: Kami jeung Rasul-Rasul Kami pasti unggul."*

Perlawanan ka Rasul-Rasul sanes lumayan. Nanging salamina Rasul-Rasul unggul.

Kitu deui perlawanan ka Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.] miwah ka Jama'at panganutna teu kinten hebatna. Dimana-mana.
Ti sadaya golongan agama sareng ti sadaya aliran.
Karep maranehanana hayang ngancurkeun, ngabasmi, supados musna ti dunya.
Nanging sagala usaha maranehanana gagal, teu mawa hasil.

6. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

اَفَلَا يَرَوْنَ اَنَّا نَأْتِ الْاَرْضَ نَنْقُصُهَا مِنْ اَطْرَافِهَا ۗ اَفَهُمُ الْغٰلِبُوْنَ

***Afalã yaraona annã na'til-ar-dho nanqushuhã min athrõ-fihã, afahumul-ghõlibũn. (Al-Anbiya : 45).***

*"Naha maranehanana henteu narenjo, Kami terus-terusan ngurangan bumi, naha maranehanana anu unggul?"*

Ngurangan bumi dina ayat ieu maksadna ngurangan jumlah maranehanana nu ngalawan, lantaran nungtutan jaradi panganut Rasul.
Netelakeun ka urang, unggal Rasul sanajan dilawan ku manusa, dihalang-halang, difitnah, digogoreng, nanging bulan demi bulan, taun demi taun, nungtut ngaleut nu iman ka Rasul Allah. Pihak maranehanana anu ngamusuh, nungtut ngirangan. Hal kitu, kaalaman ku Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.] Jema'atna wuwuh lami wuwuh ngaageungan, nerekab ka mana-mana. Nalika anjeunna pupus, aya 4 laksa (40.000) nu iman ka anjeunna.
Dugi ka ayeuna Jema'at anjeunna (Jema'at Ahmadiyah) parantos nerekab di lima buana, Asia, Australia, Afrika, Eropa, Amerika. Kiwari jumlah anggota Jema'at Ahmadiyah kirang

langkung 250 juta anu sumebar di 200 nagara. Naha maranehanana anu anti anu unggul ?

7. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَمَنْ أَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرٰى عَلَى اللّٰهِ كَذِبًا أَوْ قَالَ اُوْحِيَ اِلَيَّ وَلَمْ يُوْحَ اِلَيْهِ شَيْءٌ

***Wa man azhlamu mimmaniftarõ alallõhi kadziban, ao qõla ũhiyya ilayya wa lam yũhã ilaihi syai-un. (Al-Anam : 94).***

*"Moal aya nu leuwih dolim tibatan jelema nu ngaya-ngayakeun kabohongan ka Allah, atawa nu akon-akon meunang wahyu, padahal henteu."*

Ngeunaan ayat ieu diterangkeun dina *Tafsir Khozin*:

وَمَنْ اَظْلَمُ خَطَأً وَاَجْهَلُ فِعْلًا مِمَّنِ اخْتَلَقَ عَلَى اللّٰهِ كَاذِبًا فَزَعَمَ اَنَّ اللّٰهَ بَعَثَهُ نَبِيًّا وَهُمْ فِيْ زَعْمِهِ مُبْطِلُوْنَ

***Wa man azhlamu khoto-an wa ajhalu fi'lan mimmanikhtalaqo alallõhi kãdziban faza'ama annallõha ba'atsahũ nabiyyan wahum fĩ za'mihĩ mubthilũn.(Tafsir Khozin)***

*"Teu aya nu leuwih gede kasalahanana, jeung teu aya nu leuwih jahat pagaweanana tibatan nu ngaya-ngayakeun kabohongan ka Allah, tuluy ngaku majar Allah ngangkat manehna jadi nabi, padahal bohong."*

Dina *Tafsir Khozin* jilid 2 : 132 dicarioskeun kieu:

وَكَذِبًا فِيْ ذٰلِكَ الزَّمَانِ وَبَعْدَهُ لِاَنَّهُ لَايَمْتَنِيْ خُصُوْصُ السَّبَبِ

مِنْ عُمُوْمِ الْحُكْمِ

***Wa kadziban fĩ dzãlika-z-zamãni wa ba'dahũ, li annahũ lã yamtani-u khushũshu-s-sababi min 'umũmil-hukmi.* (*Tafsir Khozin* jilid 2 : 132)**

"Bohong teh boh dina zaman jumeneng Rasulullah[S.a.w.], boh sabadana karana sabab nu husus, henteu matak jadi halangan kana tumerapna hukum."

Maksadna, iraha bae oge hukum tetep tumerap. Tetep berlaku.

Dawuhan Allah[S.w.t.]:

اِنَّ الَّذِيْنَ اتَّخَذُوا الْعِجْلَ سَيَنَالُهُمْ غَضَبٌ مِّنْ رَّبِّهِمْ وَذِلَّةٌ فِى الْحَيٰوةِ الدُّنْيَاۗ وَكَذٰلِكَ نَجْزِى الْمُفْتَرِيْنَ

***Innal ladzĩna-t-takhodzul-'ijla sayanãluhum ghodobun mir robbihim wa dzillatun filhayãtid-dun-ya; wa kadzãlika naj zil muftarĩn.* (*Al-Arof*:153).**

*"Maranehanana anu nyarembah anak sapi baris dibenduan ku Allah jeung bakal meunang kahinaan di dunya keneh; nya kitu deui siksaan keur sakur nu ngaku-ngaku wahyu palsu."*

Kanyataan mere bukti, **Musaillamah al-Kadzab** sareng **Aswad-Ansi**, nu akon-akon jadi nabi dina zaman jumeneng Rasulullah[S.a.w.], duanana maraot dina kahinaan.

Taun 1925 di Hamas (Damascus) aya nu akon-akon jadi nabi, ku margi ieu oge palsu, tiwas waktos perang sareng balatentara Perancis.

Di Sudan, nu akon-akon jadi Imam Mahdi, maot dina kahinaan.

Di Amerika aya nu akon-akon jadi nabi, ngaranna Alexander Dowie, eta oge maot dina kahinaan.

Dupi Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.] sabada ngangken jadi Imam Mahdi sareng jadi Masih Mau'ud, masih teras jumeneng 33 taun deui, dugi ka pupus dina yuswa 73 taun.

8. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَمَنْ اَظْلَمُ مِمَّنِ افْتَرٰى عَلَى اللّٰهِ كَذِبًا اَوْ كَذَّبَ بِاٰيٰتِهٖ ؕ اِنَّهٗ لَا يُفْلِحُ الظّٰلِمُوْنَ

***Wa man azhlamu mimmaniftarõ 'alallõhi kadziban, ao kadzdzaba bi-ãyãtihĩ, innahũ lã yuflihuzh-zhõlimũn.* (*Al- Aan'am:* 22).**

*"Jeung moal aya nu leuwih dolim tibatan nu ngaya-ngayakeun kabohongan ka Allah, atawa nu ngabohongkeun ayat-ayat Allah (Rasul-Rasul Allah), eta dua pihakanana moal unggul."*

Boh nabi palsu, boh nu ngabohongkeun (nolak) ka nabi, maranehanana moal pinanggih sareng kaunggulan.

9. Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَلَوْ تَقَوَّلَ عَلَيْنَا بَعْضَ الْاَقَاوِيْلِ ۝ لَاَخَذْنَا مِنْهُ بِالْيَمِيْنِ ۝ ثُمَّ لَقَطَعْنَا مِنْهُ الْوَتِيْنَ ۝

***Wa lao taqowala 'alainã ba'dhol aqõwĩl, la-akhodzna minhu bil-yamĩn, tsumma la-qoto'nã minhul-watĩn.* (*Al-Haqqoh:* 45- 47).**

*"Lamun (Muhammad) nyaritakeun omongan-omongan bohong kalawan asma Kami (Allah), pasti ku Kami bakal ditewak, tuluy dipegatkeun urat beuheungna."*

Ka Nabi Muhammad[S.a.w.], Nabi nu pangmulyana ti sadaya nabi-nabi, teu leupas tina ancaman hukum.

Komo deui ka nu sejen.

Kawuwuh, sapertos anu parantos diterangkeun tipayun, hukum teh lumaku kanggo sadaya.

Upami tea mah Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.] bohong, palsu, pasti ku Allah moal diantep.

Pasti enggal dibinasakeun.

Upami aya nu akon-akon utusan Presiden, padahal bohong, naha bakal diantep?

Cindekna, ku ngagunakeun rupi-rupi batu ujian, sapertos anu parantos ditataan, ku urang tiasa kauninga leres-lepatna.

Kanggo anu teu acan yakin kana masih lumakuna ancaman hukum Surah *Al-Haqqoh* ayat 45-47, tiasa dicobi (upami wantun): mangga geura tandang ngangken jadi nabi. Umumkeun ka balarea.

Upami salamet, saparantos ngalangkungan mangsa 3 (tilu) taun ti ngawitan ngutarakeun pangangkenan jadi nabi, nembe urang nyebatkeun eta undang-undang hukum mung laku kanggo Nabi Muhammad[S.a.w.] wungkul.

Nu iman ka nu ngangken jadi nabi, sok sanajan palsu, teu aya rugelna.

Dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَإِنْ يَّكُ كَذِبًا فَعَلَيْهِ كَذِبُهُۥ وَإِنْ يَّكُ صَادِقًا يُصِبْكُمْ بَعْضُ الَّذِيْ يَعِدُكُمْ

***Wa in yaku kaziban, fa alaihi kadzibuhũ; wa in yaku shõdiqon, yushibkum ba'dhulladzĩ ya'dukum* (*Al-Mu'min* : 29).**

*"Lamun nu ngaku jadi Utusan Allah bohong (palsu), manehna anu nanggung dosa kabohonganana: sabalikna, lamun manehna bener Utusan Allah, maraneh bakal meunang bagian tina sawarehna anu dijangjikeun ka maraneh."*

Maksad ieu ayat: Upami nu ngangken jadi Utusan Allah tea bohong (palsu), dosa kabohonganana ditanggung ku manehna sorangan.

Nu kabobodo, bebas tina ancaman hukuman.

Didawuhkeun ku Allah[S.w.t.]: فَعَلَيْهِ كَذِبُهُ ***Fa'alaihi kadzibuhu***. Dosa kabohonganana ditanggung ku manehna sorangan. Sanes فَعَلَيْهِمْ كَذِبُهُ ***fa'alaihim kadzibuhu***, dosa kabohonganana ditanggung ku nu kabobodo.

Sakali deui: عَلَيْهِ ***'alaihi***, ditanggung ku manehna. Sanes عَلَيْهِمْ ***'alaihim,*** ditanggung ku nu kabobodo.

Upami nu ngangken jadi nabi tea leres, nu iman ka anjeunna pasti bakal kenging rupi-rupi kasaean tina sabagian nu dijangjikeun ka jalma-jalma nu iman.

Upami nolak, ngamusuh, pasti bakal nampi hukuman tina sabagian nu dijangjikeun ka jalma-jalma nu teu iman ka Rasul Allah.

Dawuhan Allah[S.w.t.]:

فَسِيْرُوْا فِى الْاَرْضِ فَانْظُرُوْا كَيْفَ كَانَ عٰقِبَةُ الْمُكَذِّبِيْنَ

***Fasĩru fil-ardhi, fandzurũ, kaefa kãna 'ãqibatul-mukadzdzibĩn.* (*An-Nahl* : 37).**

*"Jig maraneh geura ngalalana di bumi,*
*tengetan kumaha akibatna jelema-jelema nu*
*ngabohongkeun Utusan Allah."*

# Tangtangan
# Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad[a.s.].

Dina Kitab *Haqiqatul-Mahdi*, disebarkeun taun 1899, anjeunna nyerat (basa Persi), nu maksadna:

> *He Zat Nu Maha Kawasa, nu ngadamel langit sareng bumi!*
>
> *He Zat Nu Maha Asih, nu tukang maparin pituduh!*
>
> *He Zat Nu Maha Uninga kana sagala perkara!*
>
> *Upami jisim abdi kalebet jelema fasik sareng jahat, numutkeun paningali Gusti, mugi Gusti mintonkeun kajahatan jisim abdi ka balarea, supados kanyahoan ku maranehanana. Sareng mugi Gusti maparin rahmat ka maranehanana, sing marulus hirupna, sarta mugi Gusti ngalaksanakeun maksad maranehanana ngancurkeun jisim abdi.*
>
> *Mugi Gusti enggal nurunkeun siksa nu banget ka saeusi rumah-tangga jisim abdi, supados ancur sadaya padamelan jisim abdi, sareng supados baringaheun sadaya nu ngamusuh ka jisim abdi".*

Upami henteu disarengan ku kayakinan kana leresna da'wa anjeunna, mustahil anjeunna wantun sumpah seseepan kitu.

Saha di antawis nu ngabohongkeun ka anjeunna anu wantun sumpah kitu, kalayan didasarkeun kana kayakinan leresna cepenganana?

Dina Kitab *Domimah Tuhfah Golariah*, anjeunna nyerat (dina basa Urdu) kieu:

> *He manusa! Aranjeun sing percaya, yen Allah salawasna marengan kaula, sarta satia ka kaula.*
>
> *Sanajan aranjeun sarerea, awewe-lalaki, kolot-budak gede-leutik, babarengan ngado'a bari sujud, supaya kaula tumpur-ludes dina kahinaan, sanajan nepi ka legok batu tempat aranjeun sujud, Allah moal malire kana pamenta aranjeun.*

*Anggur pangersa anjeunna anu baris disampurnakeun.*

*Sanajan di antara aranjeun teu aya saurang-urang acan anu milu ka kaula, tapi malaikat Allah pasti marengan kaula. Sok sanajan ku aranjeun dipeungpeukan kabeh ajaran kaula, bebeneran kaula, batu teuas pasti ngaenyakeun kana bebeneran kaula. Ku sabab eta, omat aranjeun ulah nandasa nganiaya diri aranjeun. Naha aranjeun acan bisa ngabedakeun antara bener jeung bohong? Ingetkeun ku aranjeun! Allah moal ngantep hiji perkara tanpa aya putusana-Na. Kaula henteu hirup icikibung dina kabohongan. Kaula moal nyampolehkeun parentah Allah pedah sieun ku manusa. Kaula moal sungkan ngajalankeun parentah Allah nu ditugaskeun ka kaula dina waktuna, lantaran kaula diangkat ku Anjeunna teh nya pikeun migawe papancen eta, sanajan bumi jeung langit babarengan ngadempet kaula".*

# Pangakuan
# Ti Luar Ahmadiyah

**PROF. DR. HAMKA:**

"Kaom Ahmadi jeung kagiatanana nyebarkeun Islam di buana Eropah jeung Amerika, ngagunakeun dasar ajaran maranehanana, aya paedahna pikeun Islam."

"Maranehanana napsirkeun Quran kana basa-basa nu hirup di Eropa. Padahal di zaman 100 taun nu geus kaliwat mah umat Islam masih marageuhan kapercayaan teu meunang napsirkeun Quran."

"Panapsiran Quran golongan Ahmadiyah ngagugah perhatian golongan nu miharep hudangna deui Islam, ajaran Nabi Muhammad, pikeun nalungtik Islam leuwih jauh (Disalin tina *Pelajaran Agama Islam* kaca 199 citakan munggaran)."

**ABDUL NUR ADNAN:**

"Di sababaraha kota gede di Amerika Serikat geus aya Islamic Centre, anu kalolobaannana digerakkeun ku Ahmadiyah, salian ti di Washington, oge di Los Angeles, San Francisco jeung New York". (Disalin tina Majalah *Selecta* No.65 ping 30-5-1961).

**H. ROSIHAN ANWAR:**

"Waktos kuring naroskeun naon agamana urang Gambia, jawabna, sabagian gede Islam. Teu ditaros, Jones nerangkeun, yen Islam di nagarana masih ortodoks, teu aya ngabantuna pikeun kamajuan nagara."

"Rayat mibutuh sakola-sakola katut pendidikan. Tapi kapala-kapala kabilah leuwih senang nenjo rayatna tetep barodo, tibatan dititah sakola."

"Coba lamun seug Ahmadiyah meunang asup di Gambia, saperti halna Afrika Wetan, tangtu pendidikan bisa ditingkatkeun ku Ahmadiyah, cek Jones."

"Padahal manehna urang Keristen".

(Disalin tina *Pedoman*, 30 Juni 1960).

**SYEKH MUHIRUDDIN AL KHATAB, MESIR:**

"Saenggeus kuring nitenan, nyata yen gerakan Ahmadiyah memang hebat. Maranehanana geus ngaluarkeun soarana, jeung ngangkat penana dina rupa-rupa basa dunya, ngajalankeun tablegna, jeung ngagunakeun kakuatan pangorbanan hartana, di Tatar Wetan jeung di Tatar Kulon di unggal bangsa.

Maranehanana nyusun barisan, norobos kalawan teuneung nguatan kalungguhanana, sarta ngadeg-ngadegkeun pusat-pusat da'wah, di Asia, di Afrika, Eropa jeung Amerika, nu ampir sarua jeung organisasi-organisasi Keristen, dina widang elmu pangaweruhna jeung kagiatan-ana.

Tapi lamun ditilik tina pangaruhna jeung hasilna, maranehanana henteu bisa disaruakeun jeung urang Keristen, karana kaom Ahmadiyah tetela leuwih unggul.

Dina dampal leungeun maranehanana ayana hakekat-hakekat Islam, sarta ku maranehanana kakeupeul bener-bener hikmah-hikmahna.

Singsaha nu daek nitenan kagiatan urang Ahmadiyah, nu tetela, golongan nu sakitu leutikna, tapi sanggup jeung bisa migawe pagawean, anu moal bisa dipigawe ku ratusan juta muslimin sejenna."

(Disalin tina Majalah *Al-Fath* No.315, 20 Jumadil-akhir 1351 H).

**ALLAMAH NIYAS FATEHFURI:**

"Memang bareto mah kuring oge henteu nganggap hade ka Ahmadiyah. Tapi saenggeus kuring nitenan kaayaan hirup nu ngadegkeunana, katut organisasina, teu bisa henteu kuring

kudu ngaku, yen dina mangsa ieu ngan Jema'at Ahmadiyah hiji-hijina Jema'at anu nyaho bener-bener hiji masalah poko, nya eta iman nu sabenerna, anu lain ngan sakadar ucapan, tapi bener-bener diamalkeun, dina raraga usaha ngarobah pola mental jeung cara mikir, sarta ngagerakkeun urang Islam kana jalan nu geus digariskeun ku Nabi Muhammad[S.a.w.]".

(*Nigar,* Lucknow, Nopember 1959).

**MAULWI AHMAD OHASURI (ULAMA GOLONGAN AHLI HADITS) :**

“Kuring nyuhunkeun kalayan hormat ka Bapa-Bapa, Saderek-Saderek, supados para pangurus miwah pananggungjawab sakola-sakola sareng lembaga-lembaga pendidikan urang dikirim ka Rabwah (Pusat Ahmadiyah di Pakistan) supados naringali sareng nitenan kumaha carana urang Ahmadiyah digawe.”

(Disalin tina *Al-Mimbar*, Lyalipur, 11 September 1964).

**DR. MUHAMMAD IQBAL:**

"Numutkeun pamendak sim kuring, tata kahirupan nasional nu sajati sarta bener, nya tata kahirupan nu parantos digariskeun ku Islam.

Nya ieu anu sakedahna dijadikeun tujuan atikan urang, sarta nya ieu anu perlu dihirupkeun ku urang Islam, malah kedah diutamakeun.

Di Punjab tata kahirupan Muslim anu sajati sarta bener teh tiasa ditingali di golongan Qadiani, nya eta Ahmadiyah".

(Disalin tina *Milati Baidza par iek imrani nazar*, citakan 1919).

**THE HERALD, NIGERIA:**

"Lamun di waktu-waktu nu geus kaliwat usaha-usaha ishlah gagal, naon deui nu bisa ditembongkeun kaalusan ti urang Islam sanagara?

Maranehanana golongan nu paling jauh tinggaleun, nepi ka kira-kira 30 taun katukang.

Tapi saenggeus Ahmadiyah nyebarkeun propagandana, katembong aya parobahan nu ngagetkeun di kalangan umat Islam".

(Disalin tina *The Herald*, 19 Agustus 1955).

## MR. S. A. HASNIE (GUBERNUR BANK PAKISTAN)

"Kuring pohara nganuhunkeunana ka Missi Ahmadiyah, anu parantos ngajalankeun usaha nu teu kinten hebatna, kanggo sumebarna agama Islam".

## MUHAMMAD KHIR JOHARI:

"Kuring percaya sageblengna, yen agama Islam sanggup, sarta baris ngarupakeun faktor nu gede pangaruhna keur ngawangun persatuan Afrika zaman ayeuna, jeung mangsa nu bakal datang.

Islam mikarep nyiptakeun kasaluyuan manusa. Bebas tina pangaruh imperialis.

Islam mere jawaban ka dunya, nu mibutuh pingpinan rohaniah.

Kuring ngarasa bungah ku ningal kanyataan Jema'at Ahmadiyah geus giat nyebarkeun agama Islam di bagian dunya ieu.

Maranehanana wajar meunang pujian jeung pangrojong.

Muga-muga Allah ngaberkahan ka maranehanana.

Jeung muga-muga Missi Ahmadiyah sukses dina sagala perjoanganana. Insya Allah".

## DR. H. RASUL (RAMA PROF. DR. HAMKA)

"Atas nami Islam sareng kaom Muslimin sadunya, kuring pohara mujina ka Gerakan Mirza Ghulam Ahmad, tina hal maranehanana loba narik kaom Nasrani arasup agama Islam,

di Hindustan jeung di tempat-tempat sejenna ...".

(Disalin tina *Al-Qaulush-Shahih* kaca 149, Bukittinggi 1926).

**ZAINUDDIN LABAI:**

"Tina hal kaom Ahmadiyah pinter nyebarkeun agama Islam, jeung pinter narik urang Keristen kana Islam, kuring muji ka maranehanana, karana maranehanana gede jasana ka Islam".

(Disalin tina *Majalah Almunir*, 23 Desember 1923).

**DR. IR. SUKARNO:**

"Pangaruh Ahmadiyah kacida gedena, kitu deui di luar India.

Cabangna dimana-mana. Kitu deui perpustakaanana nyebar ka mana-mana. Di Eropa, di Amerika, buku-bukuna dibaraca. Malah di ditu disebarkeun muballig-muballigna.

Sistim maranehanana nya eta nablegkeun Islam ku jalan ngabuktikeun bebeneran Islam, nyanggah kritikna kaom Nasrani.

Ahmadiyah ngarupakeun faktor penting dina hal nyebarkeun Islam di Eropa hususna, di kalangan kaom intelektuil di dunya umumna".

(Disalin tina buku *Dibawah Bendera Revolusi*, kaca 389).

**MUHAMMADIYAH:**

“Pergerakan Ahmadiyah diadegkeun dina pingpinan Ilahi ku Hadhratul -Mukarrom Almarhum Ghulam Ahmad, Mujaddid abad ka-14, Mahdi jeung Almasih, nu kaunggel dina nubuat. Anjeunna dilahirkeun taun 1839 (sayaktosna taun 1835 - *Sadkar*), wafat taun 1910 (nu leres taun 1908 - *Sadkar*)”.

(Disalin tina *Almanak Muhammadiyah* 1346 H, 1926 M, kaluaran Muhammadiyah Bagian Pustaka Yogyakarta).

Muballig-muballig Ahmadiyah nu maratuh di ditu (maksadna di Eropa - *Sadkar*), soson-soson nyebarkeun agama Islam, taya eureunna.

Malah di antara muballig-muballigna aya anu nuju ka pusatna agama Keristen di Roma, Italia, rek diIslamkeun . . . . . . .

(Disalin tina *Almanak Muhammadiyah* kaca 42, taun 1346 H).

# Panutup

1. Dina *Tirmidzi* kaunggel dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

وَاَنَّ بَنِي اِسْرَائِيْلَ تَفَرَّقَتْ عَلَى ثِنْتَيْنِ وَسَبْعِيْنَ مِلَّةً، وَتَفْتَرِقُ اُمَّتِيْ عَلَى ثَلَاثِيْنَ وَ سَبْعِيْنَ مِلَّةً، كُلُّهُمْ فِي النَّارِ اِلَّا مِلَّةً وَاحِدَةً. قَالُوْا مَنْ هِيَ يَارَسُوْلَ اللهِ؟ قَالَ مَا اَنَا عَلَيْهِ وَاَصْحَابِيْ

***Wa anna banĩ Isrõĩla tafarroqot 'alã tsintaini wa sab'ĩna millatan, wa taftariqu ummatĩ 'alã tsalatsin wa sab'ĩna millatan, kulluhum fi-n-nãr, illã millatan wãhidatan.***

***Qõlũ man hiya yã Rasulallõh?***

***Qõla mã anã 'alaihi wa ash-hãbi. (Tirmidzi)***

*"Jeung sabener-benerna umat Yahudi pecah jadi 72 firqoh, ari umat kami (umat Islam) bakal pecah jadi 73 firqoh, kabeh arasup kana seuneu, kajaba hiji firqoh.*

*Para sahabat tumaros : Nu mana, ya Rasululloh?*

*Walerna: Nu sagala-galana sarua jeung nu karandapan ku kaula jeung sahabat-sahabat kaula."*

Islam sareng umat Islam zaman Rasulullah[S.a.w.]:

a. Dipingpin ku Nabi (Rasulullah[S.a.w.]). Pupus Nabi, dipingpin ku Khalifah-Khalifah kanabian.

b. Sakur nu lebet Islam, *be'at* ka Nabi (ka Rasulullah[S.a.w.]). Pupus Nabi, *be'at* ka Khalifah.

c. Nabi sareng para Khalifah tujuan sarta prakna nyebarkeun Islam teh ka sakuliah dunya, ka sagala bangsa.

d. Nabi sareng parasahabat (panganutna), dilarang ku urang Quraisy nu anti Islam teu kenging munggah haji ka Masjidil-Haram, ti mimiti diasingkeun di Lembah Abu Tolib dugi ka samemeh fatah Mekah.

e. Nabi miwah parapanganut anjeunna (umat Islam) teu kinten dipibencina ku balarea, diarah-arah, dikakalakeun, dugi ka kapaksa hijrah.

f. Dina mangsa munggaran umat Islam di Mekah mangrupi golongan minoritas (golongan saeutik).

Rasulullah[S.a.w.] tableg Islam di Mekah dina lebet 13 taun, nu iman kirang ti bilangan 100 urang, ti antara pangeusi kota Mekah kirang langkung 50.000 urang.

Islam di ahir zaman, dina mangsa pecah jadi 73 firqoh, nu leres teh nu hal-halna sapertos zaman Rasulullah[S.a.w.] miwah para sahabat anjeunna.

2. Dina Quran Surah *An-Nur*: 56, dawuhan Allah[S.w.t.]:

وَعَدَ اللّٰهُ الَّذِيْنَ اٰمَنُوْا مِنْكُمْ وَعَمِلُوا الصّٰلِحٰتِ لَيَسْتَخْلِفَنَّهُمْ
فِى الْاَرْضِ كَمَا اسْتَخْلَفَ الَّذِيْنَ مِنْ قَبْلِهِمْ وَلَيُمَكِّنَنَّ لَهُمْ
دِيْنَهُمُ الَّذِى ارْتَضٰى لَهُمْ وَلَيُبَدِّلَنَّهُمْ مِّنْ بَعْدِ خَوْفِهِمْ اَمْنًا
يَعْبُدُوْنَنِيْ لَا يُشْرِكُوْنَ بِيْ شَيْـًٔا وَمَنْ كَفَرَ بَعْدَ ذٰلِكَ فَاُولٰۤىِٕكَ
هُمُ الْفٰسِقُوْنَ

***Wa 'adallõhulladzĩna ãmanũ minkum wa amilush-shõlihãti, layastakhlifannahum fil-ardhi, ka-mastakhlafalladzĩna min qoblihim, wa layumakkinanna lahum dĩnahumullad-zirtadhõ lahum, wa la-yubadilannahum mim ba'di khaofi him amnã; ya'budũnanĩ lã yusyrikũna bĩ syai-ã; wa man kafaro ba'da dzãlika, fa-ulãika humulfãsiqũn.*(An-Nur: 56)**

*"Allah jangji ka sakur nu iman ti antara maraneh jeung ngalakukeun amal saleh, Allah baris ngangkat Khalifah di golong-an maranehanana (nu iman jeung amal saleh) di dunya, saperti halna Allah geus ngangkat Khalifah (di golongan nu iman jeung amal saleh) samemeh maranehanana, jeung (ku ayana Khalifah) pikeun nguatan agama maranehanana, agama nu geus dipirido ku Allah, jeung (ku ayana Khalifah) pikeun ngaganti kaayaan maranehanana tina pinuh ku kasieun (diganti) ku katengtreman; (maranehanana saenggeus dipingpin ku Khalifah) nyarembah ibadah ka Kami henteu bari nyakutukeun ku sarupaning naon bae oge (bener-bener taohid); jeung singsaha anu henteu tunduk (ka Khalifah) saenggeusna aya Khalifah, maranehanana kaasup golongan fasik."*

Aya nu ngahartosan kieu:

*Allah ngajangjikeun ka jalma-jalma nu iman jeung ngalakukeun amal saleh, maranehanana baris dijadikeun Kkalifah di bumi, saperti halna Allah geus ngajadikeun Khalifah ka jelema-jelema nu samemeh maranehanana. Jeung saenyana Allah baris netepkeun agama pikeun maranehanana anu geus dipikarido ku Allah, jeung Allah baris nukeuran ku kasugemaan saenggeus maranehanana ngarasa sieun. Supaya maranehanana bisa nyembah ibadah ka Kami bari henteu nyakutukeun saeutik oge. Singsaha anu teu tunduk ka Khalifah saenggeus aya, saenyana maranehanana kaasup golongan fasik.*

Bentenna di antara eta dua tarjamahan pangpangna lebah ieu:

*Allah ngajangjikeun ka jalma-jalma nu iman jeung ngalakukeun amal saleh, maranehanana baris dijadikeun Khalifah di bumi.*

Upami kitu, aya kamungkinan dina hiji mangsa, atanapi dina hiji zaman, seueur jalma-jalma nu dijadikeun Khalifah, dimana seueur anu iman sareng ngalakukeun amal saleh.

Dina mangsa kajadian seueur nu dijadikeun Khalifah, dina mangsa eta bakal seueur rajapati. Bakal seueur nu dipaehan. Sarta nu

diparaehan teh jalma-jalma anu iman sarta ngalakukeun amal saleh.

Pangna kitu, karana aya Hadits dawuhan Rasulullah[S.a.w.]:

إِذَا بُوْيِعَ لِلْخَالِفَتَيْنِ فَاقْتُلُوا الْاٰخَرَ مِنْهُمَا

***Idza buyi'a lil-khalifataeni faqtulul-akhoro minhuma.* (*Muslim*).**

*"Dimana maraneh (kudu) be'at ka dua Khalifah, kudu dipaehan ku maraneh Khalifah anu pandeuri."*

Hadits ieu maparin gambaran ka urang:

a. Yen urang wajib *be'at* ka Khalifah.

b. Yen lamun aya nu ngaku Khalifah, saenggeus aya saurang Khalifah, Khalifah anu pandeuri kedah dipaehan. Hartosna Khalifah anu pandeuri palsu.

c. Yen mustahil Allah ngajadikeun Khalifah langkung ti saurang dina hiji mangsa, babarengan.

Sumawonten upami sakur nu iman sarta ngalakukeun amal saleh diangkat (dijadikeun) Khalifah, panginten bakal seueur pisan.
Anu ku kituna kedah seueur nu dipaehan.
Kajabi upami dina unggal-unggal zaman mung baris aya saurang anu iman sareng nu midamel amal saleh.
Dina ahir ayat disebatkeun: singsaha anu teu tunduk (*be'at*) ha Khalifah (saenggeus aya Khalifah), maranehanana kaasup golongan fasik.
Upami tea mah dina hiji zaman seueur nu iman sareng amal saleh, sarta Allah ngajadikeun maranehanana jadi Khalifah, kumaha kedahna, supados ulah kagebud kana golongan fasik? Naha masing-masing Khalifah kedah *be'at* ka Khalifah sejenna?
Cindekna mah, ngahartian: unggal-unggal nu iman sarta ngalakukeun amal saleh baris dijadikeun Khalifah teh tetela lepatna.

Nu saleresna mah ayat dina Surah *An-Nur*: 56 teh aya hubunganana sareng Hadits *Tirmidzi*, nu nerangkeun umat Islam baris pecah jadi 73 firqoh.

Nya eta kanggo milari firqoh ***illã millatan wãhidah***, anu henteu kagebud kana ***kulluhum fi-n-nãr***.

Ciri firqoh anu ***illã millatan wãhidah*** anu henteu kagolong keun kana ***kulluhum fi-n-nãr*** teh, nya eta firqoh anu ngagaduhan sarta dipingpin ku Khalifah.

Nya golongan eta, anu leres-leres golongan jalma-jalma nu iman sarta ngalakukeun amal saleh, numutkeun Allah[S.w.t.]. Jadi, jiwa atanapi kandungan Surah *An-Nur* ayat 56 the:

1. Allah[S.w.t.] ngajangjikeun ka golongan (firqoh) anu leres-leres iman sarta ngalakukeun amal saleh (numutkeun paningali Allah[S.w.t.]), Allah[S.w.t.] pasti ngangkat Khalifah di golongan eta, kanggo mingpin golonganana.
2. Ku ayana pingpinan Khalifah, umat nu dipingpinna bakal langkung mantep sarta langkung kiat nyepengna kayakinan agama Islam, anu dipikarido ku Allah[S.w.t.].
3. Ku ayana pingpinan Khalifah, umat nu dipingpinna bakal ngaraos tengtrem, teu galideur, taya kasieun. Henteu sapertos samemehna.
4. Ku ayana pingpinan Khalifah, umat nu dipingpinna bakal leres-leres taohid, moal ngalakukeun pamujaan-pamujaan kanu salian ti Allah[S.w.t.].
5. Singsaha nu teu tunduk (*be'at*) ka Khalifah, henteu kersa ngiring jadi umat dina pingpinan Khalifah, maranehanana kalebet golongan jelema fasik.

Gampil kanggo manusa nu milari golongan (firqoh) nu leres numutkeun paningali Allah[S.w.t.], kantun milari golongan (firqoh) nu dipingpin ku Khalifah.

Sarta eta Khalifah teh hakekatna leres-leres pilihan sareng di angkat ku Allah[S.w.t.] sakumaha unggelna ayat *layastakhlifannahum*, Kami (Allah) baris ngajadikeun Khalifah di golongan maranehanana.

Langkung tetela dina Surah *Al-Baqoroh*:31 didawuhkeun ku Allah[S.w.t.]:

اِنِّيْ جَاعِلٌ فِى الْاَرْضِ خَلِيْفَةً

***inni ja'ilun fil-ardhi Kholifah,* (*Al-Baqoroh:* 31)**

*"Saenyana Kami (Allah) nu ngajadikeun Khalifah di bumi".*

Khalifah buatan manusa, moal lana. Pasti bakal enggal dibinasakeun.

Salian ti kitu, upami tea mah maksad ayat *An-Nur* : 56 teh ngandung tujuan ngangkat sakur nu iman sarta ngalakukeun amal saleh jadi Khalifah, Allah[S.w.t.] moal ngagunakeun kecap: لَيَسْتَخْلِفَنَّهُمْ ***layastakh lifan-nahum,*** nanging langkung merenah ku kecap يَجْعَلْنَهُمْ خُلَفَاءُ ***yaj'alnahum khulafa-u.***

3. Dina *Misykat*: 461-462 kaunggel dawuhan Rasulullah[S.a.w.]: Huzaifah nyaurkeun:

*Para sahabat sok tumaros ka Rasulullah[S.a.w.] perkara kaalusan. Ari kuring mah sok tumaros teh perkara ka awonan. Margi paur, sok sieun kasorang ku kuring. Kuring tumaros: "Ya Rasulullah, kapungkur urang teh jahiliyah, sok ngalalakukeun rupi-rupi kajahatan. Lajeng Allah nurunkeun kasaean (Islam) ka urang. Naha saparantos kasaean ieu bakal nyorang deui kaawonan ?"*

*Waler anjeunna: "Bakal".*

*Kuring tumaros deui : "Saparantos kaawonan eta, naha bakal aya deui kasaean?"*

*Waler anjeunna : "Aya, nu pinuh ku haseup".*

*Ditaros deui: "Naon haseupna teh, ya Rasulullah?"*

*Waler anjeunna: "Nya eta kaom anu kalakuanana henteu nurutkeun sunnah kaula, jeung henteu nurutkeun pituduh kaula. Sawareh ti antara maranehanana, maneh wawuh, sawareh deui mah, maneh moal wawuh".*

*Kuring tumaros deui : "Naha saparantos eta, bakal aya deui kaawonan?"*

*Waler anjeunna: "Aya. Nya eta tukang-tukang pidato, anu mawa kana jahanam. Singsaha anu ngagugu kana pangajakna, ku maranehanana eta jalma-jalma nu marilu teh baris digebruskeun kana seuneu."*

*Kuring tumaros deui: "Ya Rosulullah, gambarkeun sipat-sipat maranehanana ka jisim abdi".*

*Saur anjeunna: "Kulitna saperti kulit urang; omonganana saperti omongan urang".*

*Ditaros deui: "Kedah kumaha jisim abdi, upami jisim abdi ngalaman zaman eta "*

*Waler anjeunna: "Maneh kudu ngagabung ka Jema'at Muslimin katut Imam maranehanana".*

*Kuring tumaros deui: "Kumaha upami alam eta teh henteu aya Jema'at sareng henteu aya Imam?" Dawuhan Rasulullah[S.a.w.]: "Tinggalkeun bae ku maneh kabeh golongan oge, sanajan ku kitu teh hidep nepi ka kapaksa kudu ngadahar akar-akaran kai, nepi ka hidep maot dina kaayaan kitu".*

Cukup tetela, yen anu kedah dipiluan ku urang teh Jama'at Islam nu aya Imamna. Tegesna, sanajan ngaranna Jema'at Islam, upami teu aya Imamna, ulah dipiluan.

Imam nu dimaksad, nya eta Imam anu baris mung hiji-hijina di sadunya, nya eta Imam nu diangkat ku Allah[S.w.t.].

# Syarat-Syarat Be'at
# Pikeun Asup Jema'at Ahmadiyah

*(Kenging Hadhrat Imam Mahdi - Masih Mau'ud[a.s.]).*

**Singsaha anu rek be'at kudu jangji kalawan iklas, yen:**

1. Manehna moal nyakutukeun Allah nepi ka maotna.
2. Manehna moal ngalakukeun: zina, bohong, neuteup birahi ka nu lain muhrim; rek nyingkahan rupa-rupa jalan kadorakaan jeung kamasiatan, panganiayaan jeung panghianatan.

   Moal ngalakukeun huru-hara jeung moal ngabarontak.

   Moal ngantep dirina ditumpakan jeung dikamudi ku hawa napsuna.
3. Manehna rek tetep satia ngajalankeun shalat nu lima waktu, nyumponan parentah Allah[S.w.t.] jeung Rasul-Na. Salawasna rek maksakeun ngajalankeun sholat tahajjud, rek ngalobakeun ngucapkeun sholawat jeung salam ka Nabi Muhammad[S.a.w.] Jeung rek ngalobakeun istigfar neda pangampura ka Allah[S.w.t.] Jeung rek ngabiasakeun mieling sarta nembrakkeun rasa syukur kana sagala ni'mat jeung kurnia Allah[S.w.t.], sarta rek ngabiasakeun muji jeung ngagungkeun Allah[S.w.t.].
4. Manehna jangji moal nganyerikeun ka papada mahluk Allah umumna, kaom Muslimin hususna, boh ku leungeunna, boh ku letahna, atawa ku naon bae.
5. Manehna rek ihlas sarta rido kana sagala putusan Allah[S.w.t.], boh hade atawa goreng, boh suka atawa duka, boh kagumbiraan atawa kasedih.

   Manehna sadia nampa (narima) rupa-rupa kahinaan jeung kaprihatinan dina jalan Allah[S.w.t.] Sarta manehna moal malengos ngajauhan Allah, waktu nyorang musibah atawa

ujian, malah baris terus leuwih ngadeukeutkeun dirina ka Allah[S.w.t.].

6. Manehna arek eureun tina migawe kabiasaan anu goreng. Arek tunduk kana ajaran Alquran. Firman Allah[S.w.t.] jeung dawuhan Rasul-Na saw rek dijieun padoman hirupna.
7. Manehna rek miceun sifat sombong jeung adigung. Rek hirup kalawan handap asor, someah sopan santun.
8. Manehna rek ngamulyakeun agama, kahormatan agama, sagala papancen agama, leuwih tibatan kana dirina pribadi, harta bandana, anak-incuna, jeung tina sagala nudipicinta ku dirina.
9. Manehna rek miasih ka sakumna mahluk Allah, karana Allah. Sabisa-bisa rek ngorbankeun naon bae, boh harta atawa harti, atawa jasa sejenna, pikeun kamaslahatan sasama.
10. Manehna rek nalikeun tali duduluran jeung kaula (Imam Mahdi- Masih Mau'ud) samata-mata karana Allah, jeung rek ta'at ka kaula dina sagala pagawean hade, nu diparentahkeun ku kaula, nepi ka maotna. Ieu tali duduluran diharepkeun leuwih luhur darajatna tibatan tali duduluran sejenna.

# Daptar Pustaka

1. ***Al-Qamus Al-Muhit Dictionary***, Mohammad Firuzabadi, Arabic - Arabic Dictionary.
2. ***Al-Qoulus Shahih***, Dr. HAMKA, 1926
3. ***Al-Quran dan Terjemah*** Departemen Agama R.I. terbitan 1965
4. ***Al-Quran, Terjemah dan Tafsir Singkat*** Jemaat Ahmadiyah Indonesia
5. ***Al-Jawahir al-Hasan fi Tafsiril Quran***, Syaikh Thanthawi Jauhari, 1351 H.
6. ***Alkitab***, Gereja Kristen Indonesia, terbitan 1970
7. ***Al-Munjid Arabic-arabic Dictionary***, Daar-al-Mashriq.
8. ***Al-Yawaqit wal Jawahir fi Bayaani Aqa'idu al-Akaabir***, al Imam Abdul Wahab Al-Shi'rani,
9. ***Aqrab Al-Mawarid fi-Fusih Al-'Arabiyya Wa Al- Shawarid***, Sa'īd al-Khūrī Shartūnī, Dar-el-Kutub.
10. ***Damimah Tuhfah Golarwiyah***, Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad, Riyadh-e-Hind, Qadian.
11. ***Dibawah Bendera Revolusi***, Soekarno, Cet.III 1964
12. ***Durrotun Nashihin***, Syeikh Utsman bin Hasan bin Ahmad Asyakir Al Khaibawi
13. ***Futuhatul Makiyyah***, Asy-Syeikh Abu Bakar Muhyiddin Muhammad bin Ali bin Muhammad bin Abdullah al-Khatimi (Ibnu Al-Arabi), Daar-el-Kutub.
14. ***Haqiqatul Mahdi***, Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad, Riyadh-e-Hind, Qadian.
15. ***Haqiqatul Wahyi***, Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad, Riyadh-e-Hind, Qadian.
16. ***Hujaj al-Kirama***, al-'Allama as-Siddiq Hasan Khan.
17. ***Jami` at-Tirmidhi***, Abū ʻĪsá Muhammad ibn 'Īsá as-Sulamī ad-Darīr al-Būghī at-Tirmidhī.
18. ***Isyaatussunnah***, Muhammad Husein Batalawi
19. ***Khutba Ilhamiyah***, Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad, Riyadh-e-Hind, Qadian.
20. ***Lisan al-'Arab***, Muhammad ibn Mukarram Ibn Manzūr, Al-Matb'ah al-Kubra al-'Amiriyah, Darul Kutubul Ilmiyyah, Beirut.
21. ***Majalah Al-Fatah***, 1351 H
22. ***Majalah Almuni***r Desember 1923
23. ***Majalah Pedoman***, Juni 1960

24. ***Majalah Selecta***, Mei 1961
25. ***Majmu' Fatwa*** Ibni Thaimiyah
26. ***Mawaahibur Rahman***, Hadhrat Mirza Ghulam Ahmad, Riyadh-e-Hind, Qadian.
27. ***Musnad Al-Firdaus bi Ma'tsur Al-Khitab***, Ad-Dailami
28. ***Misykatul Mashabih***, Asy-Syaikh Muhammad Nashiruddin al-Albani, Al-Maktabal Islamiy.
29. ***Musnad Imam Ahmad***, Al-Imam Ahmad bin Hambal
30. ***Paul and Jesus***, Johannes Weiss & H.J. Chaytor, BiblioBazaar
31. ***Pelajaran Agama Islam***, HAMKA
32. ***Raudat-us-Safa fi Miratil An-Biya***, Muhammad Kwan Shah bin Mahmud.
33. ***Shahih al-Bukhari***, al-Imam Abi Abdillah Muhammad bin Ismail, al-Bukhari.
34. ***Shohih Muslim***, al-Imam Abul Husain Muslim bin al-Hajjaj al-Naisaburi.
35. ***Shohih Sunan Abu Dawud***, al-Imam abu Dawud.
36. ***Sunan al-Baihaqi as-Shughra***, al-Imam al-Baihaqi
37. ***Sunan an-Nasa'i***, Ahmad ibn Shu`ayb ibn Alī ibn Sīnān Abū `Abd ar-Rahmān al-Nasā'ī.
38. ***Sunan Ibn Mājah***, Abū 'Abdillāh Muhammad ibn Yazīd Ibn Mājah al-Rabī al-Qazwīnī.
39. ***Syarah al- Mawahib al-Ladunniyah bi al-Minah Muhammadiyah***, Al-Allamah Al-Zarqani
40. ***Tafseer-e-Kabeer***, Mirza Basheer-ud-Din Mahmood Ahmad, Zia ul Islam Press, Qadian.
41. ***Tafsir Al-Khazin, (Lubab Al-Ta'wil fi Ma'aniy al-Tanzil)***, Abu Al-Hasan 'Ala' Al-Din Ali bin Muhammad bin Ibrahim bin Umar bin Khalil Al-Shayh Al-Baghdadi Al-Syafi'i Al-Sufi al-Khazin. Daar el-Kutub.
42. ***Tafsir Fathul Bayan fi Maqasidul Quran***, Muhammad Siddiqul Hasan
43. ***Tafsir Jami'ul Bayan fi Ta'wil Ay Al-Quran***, Muhammad Ibnu Jarir bin Yazid bin Katsir bin GhalibAth-Thabari, Daar- el-Kutub.
44. ***Tafsir, Ad-Durrul Mantsur Fi- at-Tafsir Bi-al-Ma'tsur***, oleh Al-Imam Jalaluddin As- Suyuthi, Daar-el-Hijr.
45. ***Tajul Arus***, Arabic-English Lexicon, Edward William Lane, London: Willams & Norgate.
46. ***Zaadul Maad fi Hadyi Khairil Ibad***, Al Imam Ibnu al-Qoyyim Al-Jauziyah

# Indeks